**O’zbekistan Joqarı hám Orta arnawlı Bilimlendiriw Ministrligi**

**A’jiniyaz atındag’ı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı**

**Baslawısh tálim kafedrası**

**Madraximova Dinora**

**G’árezsizlik jıllarındag’ı Qaraqalpaqstanda baslawısh bilimlendiriwdiń rawajlanıw jolları.**

**5A141602-«Baslawısh bilimlendiriw» magistr bilim dárejesin jaqlaw ushın orınlang’an**

# DISSERTATSIYA

**İlimiy basshı:** **Filologiya ilimleriniń doktorı, professor M.Q.Ayımbetov**

**Nókis- 2018**

## MAZMUNI


Jumıstıń ulıwma sıpatlaması ……………………………………………

Mashqalanıń aktuallıg'ı………………………………………………

İzertlewdiń maqseti hám wazıypaları………………………………...

İzertlewdiń obekti hám predmeti……………………………………

İzertlewdiń metodları…………………………………………………

İzertlewdiń jańalıg'ı…………………………………………………

İzertlew nátiyjeleriniń ámeliy áhmiyeti hám qollanılıwı…………

Dissertatsiyanıńdúzilisi hám quramı…………………………………

Orınlang'an jumıstıń tiykarg'i nátiyjeleri……………………………

Nátiyje hám usınıslardıń ulıwmalastırıg'an kórinisi………………..

I- BAP…………………………………………………………………..

G'árezsizlik dáwirinde baslıwısh bilimlendiriw turmısındag'i jańalawlar menen ózgerisler ……………………………………………………………..

1.0. Dáslepki eskertiwler ……………………………………………..

1.1. G'árezsizlik jıllarındag'i bilimlendiriw haqqındag'i nızamlar…

1.2. Bilimlendiriw protsessindegi aldıńg'i pedagogikalıq texnologiyalar hám onıń áhmiyeti ……………………………………………………

1.3. Bilimlendiriw sistemasına jańa pedagogikalıq texnologiyalarınıń kirip keliwi hám onıń tariyxıy áhmiyeti ………………………………

1.4. Baslawısh klasslarda jańa pedaogikalıq texnologiyalardan paydalanıw imkaniyatları ……………………………………………………..

II – BAP …………………………………………………………………

2.0 Dáslepki eskertiwler ………………………………………………….

2.1. Baslawısh bilimlendiriwde tálim-tárbiyanı alıp barıw máseleleri …………

2.2.Baslawısh bilimlendiriwde «Aqlıy hújim» metodını paydalanıw …………...

2.3.Baslawısh bilimlendiriw metodıkasında integratsiya máseleleri ……………..

2.4. Baslawısh bilimlendiriwde modulli tálim …………………………..

2.5. Baslawısh bilimlendiriwde testlerdi ótkeriw ………………………..

2.6. Baslawısh bilimlendririwde dástúriy sabaqlar ……………………..

2.7.G’árezsizlik dáwirindegi baslawısh klasslar ushın bilimlendiriw standartlarınıń engiziliwi ……………………………………………..

2.8. Mámleketlik bilimlendiriw standartlarına sholıw ……………………

III-BAP …………………………………………………………………..

3.0. Dáslepki eskertiwler ushın ……………………………………………

3.1.Mug’allim hám oqıwshı arasındag’i dóretiwshilik ortalıqtı jetilistiriw máselesi ……………………………………………………………………..

3.2.Qaraqalpaq tilin izertlewlerde kvantitativlik modellestiriw metodları boyınsha júrgizilgen tájriybeler ………………………………………………..

3.3. Kvantitativlik modellestiriwdiń tiykarg’i printsipleri ………………….

3.4. Modellestiriwdińtiykarg’i qag’ıydaları ………………………………….

3.5. Jiyilik sózlikler hám olardıń túrleri …………………………………..

3.6.Baslawısh bilimlendiriwde oqıw sózliklerdi paydalanıw máseleleri …….

3.7. Kvantitativlik-lingivistikalıq birlikler ……………………………………..

3.8. Sóz hám sóz formalardıńortasha qaytalanıw jiyilikleri ………………..

Juwmaqlaw ……………………………………………………………….

Paylang’an ádebiyatlar dizimi …………………………………………

## Jumıstıń ulıwma sıpatlaması

**Temanıń aktuallıg'ı.** Mámleketimizdiń g'árezsizlikke erisiwi menen Kadrlar tayarlawdıń milliy bag'darlaması hám mektep tálimin rawajlandırıwdıń ulıwma milliy bag'darlaması talapları kúsheyip barmaqta. A'sirese baslawısh tálim sistemasın ayrıqsha itibar qaratıldı. Baslawısh tálim pánleri boyınsha mámleketlik bilimlendiriw standartları dúzildi, olar tájriybe-sınawdan ótkerildi. Barlıq pánler boyınsha MBS dúzildi. Bular bilimlendiriw tarawın dúnya júzi standartları talaplarına say rawajlandırıwda óz ornına iye bolmaqda. Sol sebepli izertlew jumısları erkin pikirleytug'ın jeke adamdı qáliplestiriw hám tálim-tárbiya tarawında texnologiyalıq jantasıwlardı ámelge asırıwg'a qaratılg'an. Bunday jag'dayda pedagogika páni óziniń obekti, predmeti, maqseti, teoriya hám ámeliyattıń bir-birine say keliwi uqsag'an sorawlardı óz aldına qoyadı. Oqıw protsessin shólkemlestiriwde aldıńg'I pedagogikalıq texnologiyalardı maqsetke muwapıq paydalanıw máselesin qoyadı. Sol sebepli pedagogika páni teoriyası jańa ideyalardı jaratıwdı talap etpekte. Házirgi rawajlanıw dáwirinde jas áwladqa bilim beriwde oqıtıwdıń zamangóy metodlarınan paydalanıw óz aldına maqset etip qoymaqda.

Respublikamızdıń pedagog-alımları hám metodisteri ilimiy tiykarlang'an. O'zbekistan sotsial-pedagogikalıq sharayatına sáykeslengen bilimlendiriw texnologiyaların jaratıw hám olardı tálim-tárbiya protsesine, praktikasında qollanıwg'a umtılmaqta.

O'zbekistan Respublikası Birinshi Prezidenti İ.Karimov tárepinen ilimiy tiykarlap berilgen tálim-tárbiya modelin ámeliyatqa engiziw oqıw protsessin texnologiyalastırıw menen tıg'ız baylanıslı. Sol sebepli Kadrlar tayarlawdıń milliy bagdarlamasında "Oqıw tárbiyalıq protsessti aldıńg'i pedagogikalıq texnologiyalar menen támiyinlew" onıń ekinshi hám úshinshi basqıshlarında orınlanatug'ın wazıypalardan biri sıpatında belgilenedi. Oqıtıwshı qanshelli mag'lıwmatlı bolsa, pedagogikalıq sheberlik iyesi bolsa, ol keleshek áwladtıda sonshelli bilimli, hár tárepleme jetilisken áwlad etip tárbiyalay aladı. Búgingi kúnde kóplegen metodist-

ilimpazlar: J.G.Yuldashev, N.Saidxmedov, S.Umarov, B.L.Faberman, U.Nishonaliev, X.Yu.Xakimjonov, U.Tolipov hám basqalar aldıng'i qatar pedogikalıq texnologiyalardıń tálim-tárbiyadag'i nátiyjeligin kórsetip, tınımsız ilimiy-izertlew jumısların alıp barmaqda. Bunnan tısqarı kópshilik taraw qánigeleri óziniń qánigelikleri boyınsha kóplegen metodikalıq qollanbalar, usınıslar jaratpaqda. Baslawısh tálim sistemasın rawajlandırıwda kóplegen pedagog-ilimpazlarımız óz úlesin qosıp kelmekte. Q.Qosnazarov, M.Ayımbetov, J.Qayırbaev, A.Pazılovlardıń aytıp ótsek boladı. Olar baslawısh tálim boyınsha mámleketlik bilimlendiriw standartlari, oqıw bag'darlamaların belsendilik etti. Usı oqıw-metodikalıq qollanbalarda pedagogikalıq texnologiyalarg'a ulıwma táriyip berilip, óz tarawları boyınsha metodikalıq qollanbalardan úlgiler berilgen.

Joqarıdag'ılardı esapqa alg'an g'árezsizlik jıllarındag'ı Qaraqalpaqstanda bilimlendiriw tarawınıń rawajlanıw jollarınıń jańa basqıshqa kóterilgenliklerin esapqa alg'an jag'dayda onıń jańa tariyxın jaratıw házirgi kúnde mámleketimizde orın alg'an aktual máselelerdiń biri bolıp qalmaqda.

**İzertlewdiń maqseti hám wazıypaları**

O'zbekistan mámlekti óz g'áreziligine eriskennen soń, bilimlendiriw tarawında dáslep kórilmegen reformalar alıp barıldı. Bul orında baslawısh bilimlendiriw turmısında ózgerisler menen jańalanıwlar ámelge asırıwları nátiyjesinde ózine tán bolg'an rawajlanıw jolların basıp ótti. A'yne usınday rawajlanıw jolları belgilew hám olarg'a aydınlıqlardı kiritiw qala berse:

1. Temag'a baylanıslı pedagogikalıq dereklerdi úyreniw, analiz etiw, olardı ulıwmalastırıw.

2. Baslawısh klaslarda qollanılatug'ın oqıw qollanbaları hám sabaqlıqlardı analiz etiw.

3. Baslawısh klass mug'allimleri aldıńg'i pedagogikalıq texnologiyalardı qanday dárejede ózlestirip, sabaq protsessinde qollanıw dárejesin aqlaw, dissertatsiyanıń tiykarg'i maqseti menen wazıypalarına kiredi.

**İzertlewlerdiń obekti hám predmeti**

Baslawısh bilimlendiriw protsessin innovatsiyalı hám zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalarınıń endiriliw jollarına hár tárepleması analizlew qala berse olardıń baslawısh bilimlendiriwde qollanıwları nátiyjesinde onıń rawajlanıw jollarına tiyisli bahasın beriw izertlewdiń obekti menen predmeti óz ishine aladı.

**İzertlew metodları**

İzertlew jumısları tiykarınan alg'anda tikkeley baqlaw metodları tiykarında ámelge asırıladı. Atap aytqanda,

1. Salıstırmalı analiz, ulıwmalastırıw.
2. Anketa, soraw-juwap, sáwbetlesiw.
3. Pedagogikalıq eksperiment.

**İzertlewdiń jańalıg'ı**

-Baslawısh bilimlendiriw turmısında zamanagóy oqıtıw texnologiyalarınıń endiriwleriniń zárúrlikleri menen onıń áhmiyetlerine ılayıqlı bahaların bere alıwların kórsetiw.

-Zamanagóy oqıtıw texnologiyaların endiriw arqalı baslawısh bilimlendiriw sistemasınıń rawajlanıw jollarına bolg'an tásirin anıqlıqlardı endiriw;

- Mámleketlik bilimlendiriw standartlarınıń baslawısh bilimlendiriw turmısındag'i jag'dayların hár tárepleme sáwlelendiriw;

**İzertlew nátiyjeleriniń ámeliy áhmiyeti hám qollanıwı**

- G’árezsizlik jıllarındag’i Qaraqalpaqstandag’i bilimlendiriw tarawındag’i jańalanıwlar menen ózgerislerdi belgilep ótiw menen birgelikte olardı hár tárepleme analizlep beriwde;

- G’árezsizlik jıllarındag’i xalıq bilimlendiriw tarawınıń rawajlanıw jolların ashıp beriwde;

- Qaraqalpaqstanda bilimlendiriw sistemasınıń jańa tariyxın jaratıwda;

- Baslawısh bilimlendiriw tariyxın jaratıwda;

- Baslawısh bilimlendiriw sistemasın jetilistiriwde .

**Dissertatsiya dúzilisi hám quramı**

Dissertatsiyalıq jumıs tiykarınan alg’anda jumıstıń ulıwma sıpatlaması, úsh bap, juwmaqlaw menen paydalangan ádebiyatlar dúziminen ibarat.

**Orınlang’an jumıstıń tiykarg’i nátiyjeleri**

- Ulıwma bilimlendiriwdiń birinshi basqıshı bolg’an baslawısh bilim beriwdiń turmısına házirgi zaman kózqarasında izertlew jumısların alıp barıw nátiyjesinde onıń rawajlanıw jolların belgilewde;

- G’árezsizlik jıllarında baslawısh bilimlendiriw turmısında alip barılg’an jumıslardıń nátiyjeleri arqalı júzege kelgen jańalawlar menen ózgerislerdi hár tárepleme analizlewleri;

- Baslawısh bilimlendiriwde zamanagóy oqıtıw texnologiyalardıń endiriliwleriniń áhmiyetli tarawları sáwlelendirildi.

- G’árezsizlik jıllarındag’i Qaraqalpaqstanda xalıq bilimlendiriw tarawınıń rawajlanıw jolına hár tárepleme analiz jasawda.

**Nátiyje hám usınıslardıń qısqasha ulıwmalastırılg’an kórinisi**

G’árezsizlik jıllarına kelip, bilimlendiriw tarawında reformalar júrgizilip, onıń turmısı pútkilliey ózerisler menen jańalanıwlar júzege keldi.

Mektepler menen akademiyalıq litseyler zamanagóy kórinislerge iye boldı. Olardıń kórinisleri ráń-báreńlikleri arqalı gózzallılıqlarg'a aylandı. A'yne usınday kórinisler baslawısh bilimlendiriw turmısında júzege keldi.

Baslawısh klasslardıń zamanagóy kórinislerge iye bolıwları, olardag'i ráń-báreńlikler arqalı zeynin ashatug'ınlıqları, informatsiyalıq-texnologiyalar menen támiyinlewleri zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardıń endiriwleri bilimlendiriw tarawınıń unamlı tárepke qaray rawajlanıwlarına sebepshi boldı. A'lbette baslawısh bilimlendiriw turmısındag'i júzege kelgen bunday ráń-báreńlikler oqıwshılardıń gózzallıqlar menen ádepliklerge qaray qádem basıwlarına sebepshi boldı. Bul orında g'árezsizlik jıllarında dúnyag'a kelgen jas óspirimler áyne usınday rawajlanıwlar dáwirinde bilim alıp, zamangóy tárbiyanı alıwlarına sebepshi boldı. Sol sebepli joqarıdag'i erisilgen jetiskenliklerdi mudamı jetilistirip barıw dissertatsiyalıq jumısımızdıń mazmunı menen usınısların óz ishine aladı.

## I BAP

## G’árezsizlik dáwirinde baslawısh bilimlendiriw turmısındag’i jańalanıwılar menen ózgerisler

1.0 Dáslepki eskertiwler

1.1. G’árezsizlik jıllarındag’i bilimlendiriw haqqındag’i nızamlar

1.2. Bilimlendiriw protsessindegi aldıńg’i pedagogikalıq texnologiyalar hám onıń áhmiyeti.

1.3. Bilimlendiriw sistemasına jańa pedagogikalıq texnologiyalardıń kirip keliwi hám onıń tariyxıy áhmiyeti

1.4. Baslawısh klasslarda jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw imkaniyatları

### Dáslepki eskertiwler

Jámiyet tárepinen belgilengen tárbiyanıń maqset hám wazıypaları, áwladtı turmısqa hám miynetke tayarlaw mashqalaları arnawlı oqıw tárbiya mekemelerin dúziwdi talap etedi. Jámiyettegi sotsiallıq-ekonomikalıq qatnasıqlar, óndiristiń rawajlanıwı túrli-túrli oqıw-tárbiya orınlarınıń payda bolıwına hám olardıń tarmaqlarınıń tez pát penen kóbeyip barıwına sebep boladı. Nátiyjede xalıq bilimlendiriw sisteması qáliplese baslaydı. «Sistema» grektiń «sistema» sózinnen alıng’an. Ol ayırım bólimlerden quralg’an pútin bólimlerdiń birikpesi mánisin bildiredi. Xalıq bilimlendiriw sisteması dep tariyxıy qáliplesken, bir-biri menen baylanıslı, ulıwma printsipler tiykarında dúzilgen hám jumıs isleytug’ın barlıq oqıw-tárbiya, mádeniy-ag’artıw mekemeleriniń jıyındısına aytıladı. O’zbekistan hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń bilimlendiriw haqqındag’ı Nızamlarında bilimltndiriw sistemasi respublikamızda sotsiallıq, ekonomikalıq hám mádeniy rawajlandırıwdıń

aldıńg'i bag'darı dep járiyalang'an. O'zbekistan Respublikası Birinshi Prezidenti İslam Karimov «Bul saladag'ı jumıslarımızdıń baslı maqseti-iymanlı-isenimi pútin, erki bekkem erkin puqaralıq ruwxıyatti qáliplestiriw. Yag'nıy erkin kóz qarasqa iye, ata-babalarımızdıń biybaha miyrası hám zamanagóy pikirge tiykarlanıp jasaytug'ın kámil shaxstı-jetik insandı tárbiyalawdan ibarat»-degen edi.

## 1.1.G'árezsizlik jıllarındag'i bilimlendiriw haqqındag'i nızamlar

O'zbekistan hám Qaraqalpaqstan xalıq bilimlendiriw sisteması, Respublikamızdıń Konstitutsiyaları, Prezidenti pármanları, húkimet qararları, bilimlendiriw haqqındag'i Nızamlar, Kadrlar tayarlawdıń milliy bag'darlaması tiykarında dúziledi hám basqarıladı.

O'zbekistan hám Qarakalpaqstan Respublikalarınıń Konstitutsiyasınıń 41 hám 39 statyalarında: «Hár bir adam bilim alıw huqıqına iye» dep kórsetilgen. Respublikamızdıń bilimlendiriw Nızamlarınıń 4-stayasında jınısı, tili, jası, rasası, xızmet túri jámiyetlik jag'dayına, jasaw orınınan, O'zbekistan hám Qaraqalpaqstan aymag'ında qansha waqıt jasag'anlıg'ınan g'árezsiz, hár bir puqarag'a tálim-tárbiya alıwda teń huqıqlar kepillikleri támiyinlentug'ınlıg'i aytılg'an. Bunıń ushın O'zbekistan hám Qaraqalpaqstan mámleketlik jáne mámleketlik emes oqıw tárbiya orınları shólkemlestirildi. Hár bir puqaranı ózi qálegen oqıw ornında ishten yamasa shártnamalı baslamalarda tólemli oqıwına huqıq beriledi. Kelesi basqıshtag'i oqıw orınlarına kirerde bilimlendiriw mekemelerinde eksterant tártibinde attestatsiyadan ótip mámleketlik hújjet alıwg'a ruxsat etiledi. Talabalarg'a, oqıwshılarg'a nızamg'a muwapıq stepdiyalar hám jeńillikler beriledi. Uqıplı, ziyrek oqıwshılar, talabalar hám oqıwshılarg'a «Umid», «Ustaz» «Ulıg'bek» hám basqa xorlar arqalı dúnyanıń eń abroylı oqıw orında bilimin jetilistiriwge qolaylı jag'daylar jaratıldı. O'zbekistanda ózbek tili, Qaraqalpaqstanda qaraqalpaq tili mámleketlik til esaplanadı, talabalardıń qaysı tilde oqıwına teńdey huqıq beriledi.

Xalıqımızdıń bir neshe ásirlerden berli arzıw-ármanları iske astı. 1991-jıl 31-avgust kúni O'zbekistan Respublikasınıń g'árezsizlik deklaratsiyası dag'azalandı. 1991-jıl 1-sentyabr «G'árezsizlik kúni» dep belgilendi. O'zbekistan hám Qaraqalpaqstan Respublikaları xalıq bilimlendiriw sistemasınıń rawjalanıwında jańa dáwir baslandı. O'zbekistan 1992-jıl, Qarakalpaqstan 1993-jılı qabıl etilgen bilimlendiriw haqqındag'i Nızamlardan pútkilley parq etetug'ın hám bilimlendiriw sistemasına túpkilikli ózgeris jasawg'a qaratılg'an jańa Nızam 1997-jılı qabıl etildi. Dúnyada uqsası joq kadrlar tayarlawdıń milliy bag'darlaması islenip shıg'ıldı, kadrlar tayarlawdıń milliy modeli jaratıldı.

Mámleketlik tálim ólshemine muwapıq dúzilgen oqıw bag'darlamaların turmısqa asıratug'ın mámleketlik hám mámleketlik emes bilimlendiriw hám ilim izertlew jumısların orınlaytug'ın ilimiy pedogikalıq mekemelerden, basqarıw uyımları jáne og'an qaraslı karxanalar, mekemeler, shólkemlerden ibarat O'zbekistan hám Qaraqalpaqstan xalıq bilimlendiriw sisteması dúzildi. Burıńg'i jámiyetimizden miyras qalg'an mektepler milliy mekteplerge aylandırıp olardag'i tálim-tárbiya jumısları házirgi dáwir talaplarına ılayıq jańasha shólkemlestirilip milliy mazmun menen bayıtılmaqta.

Bilimlendiriw tarawı O'zbekistan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarınıń jámiyetlik rawajlandırıw salasında aldıńg'i bag'dar dep járiyaladı. Bilimlendiriw tarawında mámleketlik siyasattıń tiykarg'i printsipleri belgilenedi. Olarg'a tómendegiler kiredi.

- Oqıwdıń hám tárbiyalawdıń insanıylıq, demokratiyalıq sıpatı. Bul printsip burıńg'i jámiyetten biziń jámiyetimizge unamsız miyras sıpatında ótken avtoritarlıq pedagogikadan sanalı túrde bas tartıp oqıw-tárbiya jumısların insaiylıq sıpatında, demokratiyalıq tiykarda shólkemlestiriwdi talap etedi. Mug'allim hám oqıwshı arasındag'i múnásebet ulıwma insaniy hám milliy qádiriyatlarg'a tiykarlanıp qurıladı, joqarı adamgershilik sıpatlardıń ústinligi támiyinlenedi. Oqıw-tárbiya oqıwshı shaxsınıń hár tárepleme úylesikli rawajlanıwına xızmet etedi. Oqıwshıdag'i tábiyiy dereklerdiń, biyimlik nıshanlarının rawjalanıp júzege

shıg'ıwına olardıń uqıplılıq hám talant dárejesine hár túrli talaplardıń qanaatlandırıwına qolaylı jag'daylar jaratadı.

## 1.2. Bilimlendiriw protsessindegi aldıńg'I pedagogikalıq texnologiyalar hám onıń áhmiyeti

Kadrlar tayarlaw milliy bag'darmasında aldıńg'i qatar pedagogikalıq texnologiyalardı engiziw hám ózlestiriw zárúrligi kóp mártebe tákirarlanbaqta. Sonlıqtan pedagogikalıq texnologiya degen ne ol dástúriy sabaqlardan nesi menen ajralıp turadı?

O'zbekistanda tálim-tárbiya tarawın reformalawdıń tiykarg'i faktorlarınıń biri «Jeke adam mápi hám bilimlendiriw ústinligi» bolıp tabıladı. Bul faktor mámleketimizdiń sotsiallıq siyasatınıń belgilep bergenligi sebep, oqıtıwdıń jańa modeli jaratıldı.

Házirgi kúnde pedagogikalıq ádebiyat tálim máselerine baylanıslı bayanatlar, rásmiy hújjetlerde «jańa pedagogikalıq texnologiya», «aldıńg'i pedagogikalıq texnologiya», «zamanagóy pedagogikalıq texnologiya» túsinikleri keń qollanılmaqta. Biraq, «Pedagogikalıq texnologiya» túsinigi elege shekem bir qálipke túsirilmegen, entsiklopediyalarda táriyiplengeni joq, sonıń menen birge onıń mazmunınıń jańasha táriypi islep shıg'ılmag'an. Sonıń ushın bul sózlerdiń bir-birinnen ayırıwshı kóp g'ana táriyipleri bar. Bulardıń arasında YUNESKO táriypi maqulraq: «Pedagogikalıq texnologiya-bul pútin oqıtıw hám bilimlerdi ózlestiriw protsessinde óziniń aldına oqıtıw formalarınıń nátiyjeligin arttırıw wazıypasın qoyıwshı texnikalıq hám jeke adam resursları hám olardıń óz-ara baylanısıın esahqa alıp, bilimlerdi jaratıw, qollanıw hám belgilewdińsistematik metodikası» bolıp tabıladı.

Bul táriypte tiykarg'i túsinikler «sistematik metodika» ekenligi anıq, al qalg'an sózler pedagogikalıq texnologiyanıń sistema sıpatındag'i sostav bóleklerin táriypleydi. A'sirese, sistema jantasıw pedagogikalıq texnologiyanı oqıtıwg'a jantasıwlardan parıqlawshı tiykarg'i belgi bolıp tabıladı. Sistema sózi dizim, bóleklerden dúzilgen, birikken bir pútin nárse yamasa hádiyse mánisin ańlatadı.

Sistema túsinigi hám sózi basqada mánislerge iye. Máselen, sistema-jip, sim sıyaqlı terilgen nárse.

Sistemalı qatnasıq ilimiy biliw metodologiyası hám pedagogikalıq praktikanıń bir bag'darı sıpatında universal xarakterge iye, pedagogikada keń qollanıladı, tálim-tárbiyag'a da pedagogikalıq sistema retinde qaraw kerek.

Baslawısh tálimdegi oqıtıw sisteması-sistemalı jantasıwg'a tiykarlanadı. Mektep bosag'asında qádem qoyg'an oqıwshıg'a bilim beriwde ápiwayıdan quramalıg'a, belgisizden belgilige qarap alıp barıladı.

Texnologiya grekshe sóz bolıp «texne»-sheberlik, sanaat, «logos»-túsinik, tálimat mánilerin ańlatadı. Texnologiya túsinigi-tayar ónim alıw ushın islep shıg'arıw protsesslerinde qollanılatug'ın usıl hám metodlar jıyındısı, sonday usıl hám metodlardı islep shıg'ıwshı hám jetilistiriwshi pán sıpatında táriyplenedi.

Joqarıdag'i táriypten málim boldı, pedagogikalıq texnologiya túsinigin bayan etiwde texnologiya protsessin negiz etip aldı. Bunday táriypler pedagogikalıq ádebiyatta júdá kop. Bul ádebiyatlarda «texnologiya» atamasınıń túrli-túrli kórinisleri bar. «Oqıtıw texnologiyası», «Bilimlendiriw texnologiyası», «Mag'lıwmat texnologiyası», «Oqıtıw protsessiniń texnologiyası» h.t.b. «Oqıtıw texnologiyası» «Pedagogikalıq texnologiyag'a jaqın bolsada, olar bir túsinik emes, uqsas manisti ańlatpaydı. Oqıtıw texnologiyası tema hám sorawlar shegarasındag'ı anıq materialdı ózlestiriw jolın belgili texnologiya átirapında táriypleydi.

Házirgi kúnde mug'allimler metodikanı kóp jag'daylarda texnologiyadan ajrata almaydı. Sonıń ushın bul tusiniklerge anıqlıqlar kirgiziw kerek:

Metodika-oqıw protsessin shólkemlestiriw hám ótkeriw boyınsha usınıslar jıyındısı. Pedagogikalıq texnologiya-oqıtıwshınıń kásiplik xızmetin jańalawshı hám bilimlendiriwde juwmaqlawshı nátiyjeni kepillikke alatug'ın ilájlardiń jıyındısı.

Pedagogikalıq texnologiya túsinigin aydınlastırıwg'a qaratılgan túsinikler hár qıylı. Sonday bolmasın hár túrli mámleketlerde bul túsiniklerge jeterli túsinik berilgen.

Uzaq jıllar dawamında pedagoikalıq texnologiya teoriyası hám praktikası bir-birine baylanıslı bolmag'an jag'dayda úyrenilip kelindi. Nátiyjede oqıtıw protsessin jetilistiriwge yamasa oqıwshınıń biliw xızmetin rawajlandırıwg'a qaratılg'an metodikalar texnologiya dárejesine kóterile almay qaldı hám óziniń tutqan ornın jog'alta basladı. Máselen, ótken ásirimizdiń 60-jıllarında úlken shawqımg'a sebepshi bolg'an «Programmalastırılg'an táriyp» yamasa 70-jıllardag'i burıńg'i keńes dúzimindegi «Shatalov»larsha háreketin eslep kóriw jeterli.

Pedagogikalıq texnologiyag'a «jańa» sózin qosıp aytılıwı teoretik ilimpazlar hám oqıtıwshılardı oylandırıp qoydı. Olar endi tálim-tárbiya protsessin joybarlastırıwg'a eskishe qaraw múmkin emesligin túsinip jetedi.

Baslawısh tálim sistemasın rawajlandırıwda jańa pedagogikalıq texnologiyalardıń tutqan ornı úlken bolıp, házirgi waqıtta sabaq protsessinde keń paydalanbaqta. Sonıń ishinde kishi jastag'i balalarımızg'a tálim beriwde olardıń elementlerinen paydalanıw jolg'a qoyıldı. Házirgi waqıtta innovatsion texnologiyalardan paydalanıw, interaktiv metodlardan paydalanıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. A'sirese kishi jastag'i balalardı oqıtıwdı bizge qolaylı bolg'an metodlardı tańlap alıwımız lazım.(Klaster, 6x6x6, oyın sabag'ıh.t.b.)

### 1.3. Bilimlendiriw sistemasına jańa pedagogikalıq texnologiyalardıń kirip keliwi hám onıń tariyxıy negizleri

Pedagogikalıq texnologiya degen atama dáslep bilimlendiriwde zamanagóy texnikalıq qurallardı hám og'an baylanıslı jańasha shólkemlestiriwshilik usıllardı qollanıwg'a baylanıslı bag'dar sıpatında eramızdıń 60-jıllarınan baslap ámelge asa basladı. İngilizshe Educational Technology ataması sol jıllarda bir qatar rawajlang'an mámleketler: AQSh, Angliya, İtaliya, Yaponiyada shólkemlestirilgen jurnallardıń talarında, húkimet keńesleriniń atlarında hám 1966 jıldan baslap Angliyada turaqlı ótkerilgen xalıq aralıq konferentsiya materiallarında qollanılg'an bolsada, mazmunına qaray tekste inglizshe «Technology in Education» sózleri járdeminde berildi. Texnikalıq qurallar hám programmalastırlıg'an oqıtıw

protsessinde qollanıw menen bir qatarda oqıw protsessin analizlew hám ilimiy jantasıwlardı ańlag'annan soń «Technology in Education» -«Oqıtıw texnologiyası» atamasıda kirip keldi.

Pedagoglardıń praktikasında «Pedagogikalıq texnologiya» túsinigi góne biraq paydalı, lekin texnologiyalıq jaqtan tolıq dúzilmegen oqıtıw usıllarıda túsiniledi. Sonıń ushın, pedagogikalıq texnologiya-oqıtıwg'a arnawlı innovatsion qaraw bolıp tabıladı.

Pedagogikalıq texnologiya biziń áwladlarımız, oyshıllarımız Axmet Yassawiy, Al Xorezmiy, Abu Ali İbn Sino, Mirzo Ulug'bek, Axmet Farg'aniy dáwirlerinde aq ózine tán kóriniste bolg'an. Ustaz-shákirt sisteması dúzilgennen soń «Oqıwshılardı oqıtıw emes, oqıwg'a úyretiw kerek» degen urandı alg'a súrgen.

Danıshpanlarımız balanı durıs tárbiyalaw, onıń jeke basınıń qáliplsiwinde mug'allimniń roli, onıń juwapkershiligi máselesinde qımbat pikirler qaldırg'an. Olardıń shıg'armalarında ásirese balanıń tálim-tárbiyası, og'an kásip-óner úyretiw, onı isbilermen, ózbetinshe durıs piker júrgize alatug'ın etip ósiriwdiń jolları haqqında piker júrgizgen.

Alisher Nawayı óziniń kórkem shıg'armalarında kámil insandı qáliplestiriwdiń mazmunı, jolları, usılların bayan etken. Nawayınıń qaraslarında kámil insang'a tán bolg'aneń joqarı pazıyletler: dóretiwshilik, qábilet, ilim-pánge bolg'an súyispenshilik kiredi dep esaplag'an. Nawayı ilimniń áhmiyetin ashıp berer eken, ilimli adamnıń hár qanday qıyınshılıqlardı jeńip ótiwin aytıp ótedi. Sonday-aq ilimniń wazıypası bul insannıń baxtına xızmet etiw dep aytadı.

Shıg'ıstıń oyanıw dáwiriniń ullı oyshılı Abu Nasır Farobiy aqıllı, dana hám ótkir pikirleytug'ın adamlar tuwralı sonday deydi: «Aqıllı kisi dep sonday adamg'a aytamız, onda ótkir zeyn bolıwı menen birge pazıyleti de bolsın. Bunday kisi óziniń barlıq qábileti hám aqılın jaqsı islerdi ámelge asırıwg'a, jaman islerden saqlanıwg'a hám tartıwg'a qaratpag'ı lazım. Sonday adam g'ana aqıllı hám durıs piker júrgiziwshi dep ataw múmkin».

Ullı ag'artıwshı Abdulla Avloniy piker tárbiyası tuwralı sonday deydi: «Pikir tárbiyası eń kerekli, kóp zamanlardan berli tág'dir etip kelingen mug'allimlerdiń dıqqatına súyengen, hújdanlarına júklengen muqaddes bir wazıypa bolıp sanaladı. Pikir insannıń sharapatlı, g'ayratlı bolıwına sebepshi boladı. Bul tárbiya mug'allimlerdiń járdemine mútáj, pikirdiń quwatı, ziyneti, keńligi mug'allimniń tárbiyasına baylanıslı boladı. Sabaq hám tárbiya arasında bir azg'ana parıq bolsada, ekewi bir-birinen ayrılmaytug'ın, biriniń janına birewi jan hám dene sıyaqlıdur».

Abdulla Avloniy tálim-tárbiyanı jan hám dene sıyaqlı birligin táriyplep, yag'nıy ilim haqqında tómendegishe táriypberedi:

«İlim dep oqıw, jazıwdı biliw, hár bir kerekli nárseni úyreniwdi aytadı. İlim-dúnyanıń izzeti, aqirettiń sharapatı bolıp esaplanadı. İlim insan ushın júdá joqarı hám muqaddes bir pazıylet bolıp tabıladı. Sonlıqtan, ilim bizge óz awhalımızdı, háreketimizdi ayna sıpatında kórsetedi. İliminiń paydası júdá kóp, táriyp qılg'an menen onı tamalaw múmkin emes boladı. Bizlerdi zulımlıqtan qutqaradı. Mádeniyat, insaniyat, ag'artıwshılıq dúnyasına shaqıradı, jaman ádetlerden, buzıq islerden qaytaradı, jaqsı qulıq hám ádep sahıbı qıladı, allag'a muxabbat hám isenimizdi artıradı, haqtıń azamat hám qudretin biledi».

Sonıń ushında ótmishte balanı tárbiyalawda ilimniń hám onı úyretiwshi ustazdıń roline joqarı baha berilgen. Bul baha pedagogikalıq xızmette tiykarg'ı talaplardan biri bolıp esaplanadı. Sebebi, ilim bar jerde alg'a ilgerlew, jańalıqlarg'a keń jol ashıladı.

Hár bir mámlekettiń búgingi kúndegi progressin belgilewde, usı kúnge shekem basıp ótilgen jol, tariyxı, turmıs hám oylaw forması, úrp-ádetlerine názer taslawımız kerek.

60-jıllardan rawajlang'an mámleketler AQSh, Frantsiya, Germaniya, Yaponiyada pedagogikalıq texnologiyanıń iri orayları shólkemlestirilgen hám olar xızmetin kórsetip tur.

30-jıllarg'a kelip «pedagogikalıq texnika» túsinigi arnawlı ádebiyatlarda payda boldı hám ol oqıw shınıg'ıwlarınıń anıq hám nátiyjeli shólkemlestirilgen usıl hám

qurallarına aytıladı. Sonıń menen birge pedagogikalıq texnologiya oqıw hám laboratoriyalıq úskenelerden paydalanıwdı tolıq biliw dep túsinildi. 40-50 jıllarda oqıw protsessine texnikalıq qurallardı engiziw baslandı. A'sirese, qadag'alaw quralları, kino hám radio, olardan paydalanıw metodikası pedagogikalıq texnologiyag'a teńlestirildi.

60-jıllardıń ortalarında bul túsinik pedagogikalıq islerinde keń túrde talqılandı. 1964 jıldan Angliyada «Pedagogikalıq texnologiya hám programmalastırılg'ın oqıw», Yaponiyadabolsa 1965 jıldan baslap «Pedagogikalıq texnologiya» jurnalları baslıp shıg'arıldı. Pedagogikalıq texnologiya máselelerin arnawlı úyreniw ushın ilimiy mekemeler dúzildi. Mısalı ushın aytatug'ın bolsaq, Angliyada pedagogikalıq texnologiya Milliy Keńesi dúzildi. Sonıń menen birge «Pedagogikalıq texnologiya» jurnalı shıg'a basladı. AQShtıń bir neshe universitetlerinde, ilimiy Oraylarında pedagogikalıq texnologiya máselelerine úlken itibar berilgen. 1971 jılda arnawlı «Oqıw Kommunikatsiyası hám texnologiyasınıń Assotsiatsiyası» xızmet kórsete basladı. Házirgi kúnde bul shólkemniń barlıq shtatlarda hám Kanadada 50 den zıyat punktleri islep tur.

Jaqında ulıwma yapon pedagogikalıq texnologiya Orayınıń Keńesi dúzilip, olar bul tarawda xalıq aralıq baylanıslar ornatıw menen bánt.

Didaktikanıń bul tarawında itibar barg'an sayın asıp barıwın 70-jıllarda ótkerilgen bir neshe xalıq aralıq konferentsiyalardan kóriwimizge boladı. Sonday xalıq aralıq konferentsiyalar 1966 jıldan baslap hár jılı báhárde Angliyada ótkeriledi. Onıń materialları «Pedagogikalıq texnologiya aspektleri» degen at penen shıg'arıladı.

Pedagogikalıq texnologiya eki bag'darda talıqlandı hám rawajlandı:

1. Oqıw protsessine texnikalıq qurallardı qollanıw.
2. Oqıw texnologiyası mashqalalarınan baslap, pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw máslelerin óz ishine aladı.

Konferentsiya materiallarında jazılg'an áhmiyetli dálildi keltiriw orınlı: «eki túsinik-«pedagogika» hám «texnologiya» nı qosıw logikalıq jaqtan tartısıwlarg'a

sebepshi boldı. Sebebi, «texnologiya» sóziniń klassqa texnikag'a kirgiziliw hám «degumanizatsiya» ideyası menen xarakterleniwi pedagoglardı g'aplette qaldırıw múmkin»

A'lbette, bul piker málim dárejede durıs, adam hesh qashan «temir» mashinag'a tóbe bolmaydı. Bálkim onı jaratıp onı aqıllılıq penen basqaradı. Bul mashqalanıń pedagogikalıq tárepi ele jeterli dárejede úyrenilmegen.

70-jıllarg'a kelip oqıw texnikaları menen tálim sıpatına erisiw múmkin emesligi belgili boldı.

1977 jılda Budapeshtte ótkerilgen «Oqıtıw texnologiyası boyınsha xalıq aralıq seminarda» tálimdi texnologiyalastırıw protsessi menen baylanıslı faktorlar rus alımı S.Shapovalenko tárepinen tómendegishe belgilenedi:

- texnikanı biliw hám tereń iyelew,
- audiovisual fondı biliw hám tanıs bolıw,
- texnikalıq qurallardan paydalanıw metodikasın iyelew.

Biraq bul pikirdiń bir táreplemeli ekenligi kózge taslanadı. Mısal ushın Venger alımı L.Salam oqtıw texnologiyasın keńeytiwge urınadı.
Rejelestiriw, maqset analizi, oqıw-tárbiya protsessin ilimiy tiykarda shólkemlestiriw, maqset hám mazmung'a sáykes keletug'ın metodlar hám materiallardı tańlaw tuwrıdan-tuwrı pedagogikalıq texnologiyanı joybarlastırıwdag'ı oqıtıwshınıń xızmetine tán ózgeshelikler dep táriyplenedi. Bug'an jaqın pikirler J.Tseller degen alım óziniń pikirlerin bildirip ótti. 70-jıllarg'a kelip shet ellerde texnikanıń rawajlanıwı hám oqıtıw kompyuterlestiriwge baylanıslı pedagogikalıq texnologiyanıń eki tárepi ajıratılıp kórsetilgen halda izertlendi:

1. Oqıw protsessine texnikalıq qurallardı engiziw.
2. A'meliy máseleler sheshimin tabıwda bilimler sistemasınan paydalanıw.

Mısal ushın Yaponiyada bul dáwirde alıp barılg'an izertlewler oqıw protsessin texnologiyalastırıwdın birinshi jolı yag'nıy tálimniń jańa texnikalıq qralların jaratıw hám oqıw protsessine qollanıw menen baylanıslı bolg'an. Bunday jag'day

basqa bir qatar mámleketler ushında xarakterli bolıp, pedagogikalıq texnologiyanıń ekinshi bag'darı-teoriyalıq didaktikalıq tárepleri 80-jıllardıń basında AQSh hám Angliyada izertlew obektine aylandı. Sebebi, «texnologiya» sózi keń mániste teoriyalıq bilimlerdi ámeliyat maqsetine kóshiriw, bul protsesstiń anıq jolların islep shıg'ıw zárúrligi payda boldı.

Sonday etip, 80-jıllarda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyanıń mazmunın aydınlastırıwg'a bolg'an urınıwlar jánede dawam etti.

Jańa taraw 1977 jılda ashıldı. «Kadrlar tayarlawdıń milliy bagdarlamasında» aktual izertlew obektine aylandı. Sonıń menen birge bul máselege g'árezsizliktiń dáslepki kúnlerinen baslap qol urıldı. Búgingi kúni mámleketimizde pedagogikalıq texnologiya boyınsha kóplegen ilimiy konferentsiyalar ótkerilimekte. A'lbette bul quwanıshlı awhal.

1991 jıl may ayında Samarqand mámleketlik universitetinde ótkerilgen «Joqarı oqıwdıń házirgi aktual mashqalaları» joqarı oqıw orınları arasındağı ilimiy-metodikalıq konferentsiyasınıń ulıwma jıyınalısında «pedagogikalıq texnologiya kotseptual analiz» temasında bayanat islendi. Bayanatta oqıwdı texnologiyalastırıw protsessii sotsiallıq buyırtpa ekenligi aytıp ótildi. Pedagogikalıq texnologiya jańasha bağdarda talqın etildi.

Pedagogikalıq texnologiya máseleleri boyınsha alımlardıń pikirleri «Marifat», «Uchitel` Ӯzbekistana» sıyaqlı baslımlarda turaqlı tu`rde berilip barılmaqta. (X.Abdukkarimov, Fefelov, U.Nishonaliev h.b.)

Pedagogikalıq texnologiya baylanıslı wazıypalardı anıqlawğa háreket etemiz.

1. Kóp basqıshlı bilimlendiriw sistemasında pedagogikalıq texnologiyalardıń ornın tiykarlaw hám záru`rli usınıslar isler shığıw.

2. Zamanagóy islep shıgarıw, meditsina, ekonomika, ekologiya sıyaqlı taraw texnologiyalar menen pedagogikalıq texnologiyalardı turaqlı tu`rde jańalap barıw hám differetsiyalasqan jantasıw tiykarında olardı qollanıw kriteriyaların islep shığıw.

3. Perspektivalı oqıw quralların jaratıw hám olarǵa su`yengen halda aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı joybarlasıtırıw, ámeliyatqa engiziw, nátiyjesin anıqlaw.

4. Tiyisli wákillik basqarıw organları tárepin oqıw mekemleri xızmetine jańa pedagogikalıq texnologiyalardı engiziw dárejesin qadaǵalaw hám bahalaw.

5. Respublikamızdaǵı bilimlendiriw sistemasında xızmet kórsetip atırǵan professor-oqıtıwshılardı bilimlerin jetilistriw hám qayta tayarlaw kurslarında aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya, xabar texnologiyaları sıyaqlı jańa bilimler sisteması menen qurallandırıwdı u`zliksiz shólkemlestiriw.

6. Joqarı oqıw orınları studentleri, ásirese qánige-pedagoglar ushın 20-saat kóleminde pedagogikalıq texnologiya hám ámeliyatı boyınsha arnawlı kurs engiziw.

7. Respublikamızda xızmet kórsetip atırǵan dóretiwshi muǵallimlerdiń tájriybelerin turaqlı u`yrenip barıw.

Aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı joybarlaw hám onı turmısqa engiziw máselesi mámleketimizde de rawajlanǵan mámleketler qatarında jańa kárxana «Pedagogikalıq texnologiya Mámleketlik Orayı»n du`ziwdi talap etedi. Eger sonday Oray shólkemlestirilse ju`dá bolar edi. U`shinshi mıń jıllıqta oqıwshılarımız Ў̄atanǵa sadıq, bilimge qızıǵıwshań, insaniylıq pazıyletlerdi iyelegen adamlar bolıp jetilsiwi kerek.

Pedagogikalıq texnologiya máselesin ámelge asrıwda shet tájriybelerin u`yrenbesten bolmaydı. Sebebi, olar bul tarawda birqansha islerdi orınlaǵan. Juwmaqlap aytqanda jańa pedagogikalık texnologiya bul bilimlendiriwde jańa bolmastan ol uzaq tariyxqa iye.

Sebebi, sonda pedagogikalıq texnologiya bixeviorizm ideyalarına su`yenedi. G`árezsizlikke eriskennen soń ilimdi u`yreniwge ken jol ashıldı. Ҳázirde İnternet tarmaǵı boyınsha du`ńya mámleketleriniń pedagogikalıq texnologiyaların u`yreniwge imkaniyatlar bar.

## 1.4. Baslawısh klasslarda jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw imkaniyatları

Bunnan on jıl burıńǵı tálim oqıwshısı menen házirgi dáwir baslawısh tálim oqıwshısınıń arasında u`lken parq bar. Bizińshe házirgi dáwirde Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlamasında baslawısh tálimge ayrıqsha itibardıń qaratılıwında bolıp esaplanadı.

ózbekistan Respublikasının Birinshi Prezidenti İ.A.Karimov ózbekistan Respublikası Oliy Majilisiniń IX sessiyasında sóylegen sózinde: «Eski tálimniń eń jaman ádeti baslawısh tálimge ekinshi dárejeli is dep qaraǵanındadur. Ashıq aydın aytıwımız mu`mkin bilimi tómen muǵallimlerde birinshi klassta sabaq beretuǵın edi. Baslawısh tálimge pás názer menen qaralıwınıń sebebi sol, burıńǵı du`zimde

barlıq pedagogikalıq texnikumlar hám bilim jurtları shólkemlestirilip, olar tiykarınan 1-4 klass oqıtıwshıların tayarlaytuǵın edi».

Balalarımız qashannan baslap qanday etip, qanday usılda milliy qádiriyatlarımız, u`rp-ádetlerimizdi u`yretiwimiz, tereń aqlatıwımız kerek.

İlim-pán aldına uzaq mu`ddetke mólsherlengen strategik wazıypalardı qoyǵan. «Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması» ilimiy-metodikalıq, sotsial-ekonmikalıq, psixologiyalıq-pedagogikalıq, tariyxıy filosofiyalıq mashqalalardı sheshiwdi belgilen.

Baslawısh klasslarda mashqalalardı jaǵdaylardı jaratqanda ballada pikirlew sharshaǵanda oqıtıwshı oqıw oyın metodınan paydalanıw mu`mkin.

Oyın-ózbetiinshe xızmet bolıp, oqıwshılar óz teńlesleri menen teń qatnasta boladı. Oyında oqıwshı ózin jámiyet aǵzası sıpatında tanıp, óziniń hám joldaslarınıń háreketlerin bahalaydı.

Aldıńǵı pedagoikalıq texnologiyalardı tálim sistemasına engiziw-dáwir talabı. Biraq bul dástu`riy tálim metodlarınan pu`tkilley waz keshiw degen emes. Bálkim pedagogikalıq texnologiya elementlerin áste-áte oqıw xızmetin engiziw bolıp tabıladı.

Jańa ásir oqıtıwshı-pedagogı tálim-tárbiya protsessinde bolǵan jańasha qarasların qáliplestiriw ushın tómendegi qábiletlerge iye bolıwı kerek.

Birinshiden, ol óz xızmetinde qábiletli, zamanagóy, ilimiy hám mádeniy progresstiń mánisin tereń tu`sine biliwi kerek.

Ekinshiden, EEM hám basqa oqıtıw texnikalıq qurallarınan oqıw protsessinde paydalana alıwı,

U`shinshiden, milliy ideologiya hám bu`gingi ekonmoikalıq reformalardıń mazmunın tolık tu`sinip jetken bolıwı kerek.

Eger oqıtıwshı joqarıdaǵı talaplarǵa juwap bere almasa, sabaqlıklarımız, oqıwdıń mazmunı qanshelli pisiq hám aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalar teoriyalıq hám ámeliy islep shıǵılmasın, eski qálipten shıqpay sabaq ótilse, tabısqa erisip bolmaydı.

A`sirese, oqıw protsessinde aldıńğı pedagoikalıq texnologiyanın «Klaster», «Zigzag», «Venna diagramması», «Aqlıy hu`jim», «Kishkene toparlarda islew» strategiyalarınan paydalanılǵanda oqıwshılar oqıtıwshı menen birge teń xızmet kórsetedi. Eger oqıyashı óz-ózin oqıtsa, bala-balanı jeke tártipke u`yretse, oqıw materialınıń 90% protsenti ózlestiriledi.

Joqarıda aytıp ótken pedagoikalıq texnologiya elementlerin qollanıwdan aldın, muǵallimler olar haqqında teoriyalıq maglıwmatlarǵa iye bolıwı kerek. Bunıń ushın aldıńğı muǵallimlerimizdiń is-tájriybelerin respublikalıq gazeta, jurnallarda basıp shıǵarıp, keńnen en jaydırıw lazım.

Juwmaqlap aytqanda, házirgi ku`nde aldıńğı pedagogikalıq texnologiyanı ámelde qollaw ushın baslawısh klasslarda islep atırǵan hár bir pedagog-oqıtıwshı arnawlı seminarlardan ótkeriliwi kerek. Tayaranǵan sabaqlıqlar aldıńğı pedagogikalıq texnologiyalar talaplarına say tu`rde kórip shıǵıw mu`mkin. Baslawısh klasslarda aldıńğı pedagogikalıq texnologiyalar boyınsha oqıw ádebiyataların kóbeytiwge itibar qaratılsa, bar bolǵan mashqalalardı sheshiw áhmiyetli faktorlardan bir boıwı mu`mkin.

Ҳár bir mektepte materiallıq bazanı jaratıw lazım. Oqıtıwda jana pedagogikalıq texnologiyanı tolıq engiziw ushın barlıq oqıtıwshılar komp`yuterde islew texnologiyasın jetilistirw kerek. Xár bir oqıtıwshı bilimin jetilistirw kurslarınan ótiwi maqsetke muwapıq.

Aldıńğı pedagogikalıq texnologiya nátiyjeleriniń monitoringini ótkerip, turaqlı tu`rde jańalıklardıń engiziwine tásir kórsetiwi mu`mkin.

## II – BAP

**Baslawısh bilimlendiriw sistemasında zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardıń endiriliwi**

2.0 Dáslepki eskertiwler

2.1. Baslawısh bilimlendiriwde tálim-tárbiyanı alıp barıw máseleleri

2.2.Baslawısh bilimlendiriwde «Aqlıy hújim» metodını paydalanıw

2.3.Baslawısh bilimlendiriw metodıkasında integratsiya máseleleri

2.4. Baslawısh bilimlendiriwde modulli tálim

2.5. Baslawısh bilimlendiriwde testlerdi ótkeriw

2.6. Baslawısh bilimlendririwde dástúriy sabaqlar

2.7.G’árezsizlik dáwirindegi baslawısh klasslar ushın bilimlendiriw standartlarınıń engiziliwi

2.8. Mámleketlik bilimlendiriw standartlarına sholıw

2.0 Dáslepki eskertiwler

Du`ńyadaǵı rawajlanǵan mámleketler erisip atırǵan jetiskenliklerge, mámlekette bilimlendiriw sisteması durıs jolǵa qoyılǵanı, bilimlendiriw sistemasında aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyanıń tuwrı jolǵa qoyılǵanı sebepshi bolıp esaplanadı.

Mámleketimizdiń ǵárezsizlikke eriskennen soń, mámleket sıyasatınıń bas baǵdarına aylandı. «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızam tiykarında «Kadrlar tayalaw milliy baǵdarlaması» nıń qabıl etiliwi bilimlendiriw sistemasın tu`pten ózgertiwdiń áhmiyetli hu`jjeti bolıp tabıladı. Baǵdarlamanıń negizinde teoriyalıq-metodologiyalıq kontseptsiya jatadı. Sonıń ushın onı u`yreniw hám ámelge asırıw bılayınsha protsess emes. «Milliy baǵdarlama» ózine tán jańasha jantasıw, jańasha metodikanı hám kásip sheberligin talap etedi. Bul boyınsha dóretiwshi muǵallim pedogogikalıq texnologiyanı ajrata alıwı kerek.

### 2.1. Baslawısh bilimlendiriwde tálim-tárbiyanı alıp barıw máseleleri

Tálim-tárbiya protsessinde tárbiyashı hám muǵallimlerimiz pedogogikalıq texnologiyalar boyınsha izleniwlerge kirisken desek boladı. Durısı, «Pedogogikalıq texnika» hám «pedogogikalıq texnologiya» tu`sinikleri paydalanıwǵa aldınnan kirip kelgen. Sonıń ishinde jadidshiliktiń ózinen de pedogogikalıq texnologiyanı kóriwimizge boladı. Biraq ideologiyalıq du`zim onıń tarqalıwına jol qoymadı. Bu`gingi tárbiyashı hám oqıtıwshılarımızdıń arasında elege shekem ekileniwler bar. Bunıń sebebi, bir ǵana izleniwsheńlik hám dóretiwshiliktiń jetispewiligi.

Bu`gingi ku`nniń oqıwshısı erkin, ózbetinshe , watansu`yiwshi, bilimli etip kamalǵa eristiriw biz pedagoglarǵa baylanıslı. Durıs jolǵa qoyılǵan tálim-tárbiya mazmunı oqıwǵa ańlı mu`násebetti, insaniy kamalattı, jeke adamnıń ádep-ikramlılıq rawajlanıwınıń faktorı bolıp esaplanadı.

Baslawısh klasslardıń sabaq protsesslerinde jańasha usıllardı qollanıw, aldıńǵı pedogogikalıq texnologiyalardan paydalanıw oqıwshılardıńoqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın jánede arttıradı. Sabaqqa durıs metodtı tańlaw menen temaǵa dóretiwshilik penen jantasıw álbette óziniń nátiyjesin beredi. Biziń maqsetimiz óziniń pikirine iye bilimli okıwshını kamalǵa keltiriw. Sonıń ushın sabaqtaǵı metod hám usıllardı jańalawımız kerek. Olar járdeminde oqıwshılar óziniń pikirlerin erkin, ózbetinshe táriplew, ózine bolǵan isenimdi arttırıw imkaniyatlarına iye boladı.

## 2.2. Baslawısh bilimlendiriwde «Aqılıy hu`jim» metodını paydalanıw.

Aldıńǵı pedogogikalıq texnologiyalardan biri «Aqılıy hu`jim» metodı bolıp esaplanadı. Sabaq protsessinde bull metoddan maqsetli paydalanıw dóretiwshi, standart emes oylawdı rawajlandırıw kepili bolıp esaplanadı. «Aqılıy hu`jim» di shólkemlestiriw biraz ápiwayı bolıp, onnan tális mazmunınózgertiw protsessinde paydalanıw mu`mkin.

Dáslep oqıwshılar toparlarǵa bólinedi hám olar aldına bir mashqala yamasa soraw qoyıladı. Onıń juwabı tuwralı topar qatnasıwshıları óziniń pikirlerin bildiredi. Aytılǵan barlıq pikirler jazıw taxtasına belgilep barıladı, bul jerde «sen nadurıs ayttıń», «Bul qáte» degen pikirler oqıtıwshı tárepinen aytılmaydı.

Toplanǵan pikirlerdiń durıs yamasa nadurıs ekenligin oqıwshı sabaq dawamında berilgen sabaqlıqtaǵı temadan bilip aladı. «Aqılıy hu`jim» metodınıń wazıypası qıyın jaǵdaylardan qutılıw sharaların tapbıwǵa hám keń tu`rde pikirlewge oylawǵa imkan beredi.Eń tiykarǵısı, sabaq protsessinde dóretiwshilik boladı.

## 2.3. Baslawısh bilimlendiriw metodikasında integratsiya máseleleri

Pedogogikalıq texnologiya óziniń pedagogika hám basqa pánler jetiskenlikleri menen baylanıslı jeke teoriyaǵa iye. Ol birinshi gezekte oqıw-tárbiyalıq protsessti ilimiy tikarda qurıwǵa negizlengen. Oqıtıwdıń xabar qurallarınan hám didaktikalıq materiallardan aktiv metodlardan paydalanıwǵa tiykarlanǵan oqıtıwshı hám oqıwshılardıń birgeliktegi xızmetine sharayat jaratadı.

Bilimlendiriwde áhmiyetli orın tutatuǵın baslawısh tálimniń tiykarǵı wazıypaları oqıwshılardıń jaqsı sawat alıwın támiyinlew, dáslepki bilimlerdi iyelew boyınsha mu`tájliklerin qandırıw boladı. Olarda ádep-ikramlılıq hám miynet etiw pazıyletlerin, átirapqa sanalı mu`násebetti qáliplestiriw sanaladı. Baslawısh klass oqıwshılarınıń bilim iyelewlerinaktivlestiretuǵın áhmiyetli faktorlardan bir-modulli oqıtıw texnologiyası bolıp tabıladı.

## 2.4. Baslawısh bilimlendiriwde moduli tálim

Modulli tálimniń tiykarǵı mánisi, oqıwshılar modul baǵdamlaması u`stinde ózbetinshe islep, ilim alıwda belgilengen maqsette erisedi.

Modul baǵdarlamaları tálim-tárbiyalıq temanıń maqsetinde sabaq dawamında ózbetinshe orınlaytuǵın tiykarda sáwlelendiretuǵın kórsetpeler kompleksi bolıp tabıladı.

Modul baǵdarlamaları-sabak teksti yamasa oqıtıwshılar tárepinen oqıw materialın rejelestiriw emes, bálkim oqıwshılardıń sol temanı ózbetinshe hám dóretiwshilik penen u`yreniwi boyınsha baǵdarlama bolıp tabıladı. Modul baǵdarlamaları oqıtıwshılar tárepinen du`zilip, onda moduldiń ulıwma didaktikalıq maqseti, temanı u`yreniw basqıshları, oqıwshılar tárepinen orınlanatuǵın oqıw xızmeti elementleri, olardıń bilimin qadaǵalaw jolları izbe-iz bayan etiledi.

Muǵallim modul baǵdarlamaların du`ziwde hám onnan oqıw protsessinde paydalanıwda tómendegilerge itibar beriwi kerek:

1. Oqıw materialın tańlaw. Oqıwshılarǵa ózbetinshe ózlestiriw ushın usınıs etiletuǵın oqıw materialın tanıw hám olar orınlay alatuǵın bolıwı kerek.

2. Ўaqıttı tejew. Oqıwshılar oqıw materialın baǵdarlamada belgilengen waqıt shegarasında iyelep alıw ushın kerek.

3. Oqıwshılarda ózbetinshe hám dóretiwshilik penen islew kónlikpelerin payda etiw. Muǵallim oqıwshılardı modul baǵdarlamalar islespesten aldın olarda sabaqqa hám basqada derekler menen islesiwkónlikpesin anıqlawkerek.

Bunda oqıtıwshı sabaqta u`yreniwi kerek bolǵan oqıw materialın eki bólekke ajratadı. Birinshi bólegi oqıtıwshı basshılıǵında dóretiwshilik hám ózbetinshe ózlestiredi, ekinshi bólegin ózbetinshe orınlaydı.

4. Oqıwshılardıń bilimin qadaǵalaw. Oqıtıwshı modul baǵdarlamaları qollanılatuǵın sabaqlıqları ushın ótken temalar boyınsha test sorawların tayarlaydı. Dáslepki ku`ndelikli qadaǵalaw ótkeredi. Sonıń menen birge, jańa tema boyınsha test sorawların tayarlaydı hám oqıwshılar bilimlerin anıqlaydı.

Bunnan tısqarı modul bagdarlmamaları orın alǵan hár bir tapsırma boyınsha balalar bilimin anıqlaw ushın oqıwshılar óz-ózinen hámóz-ara qadaǵalaw ámelge asırıladı.

Modul baǵdarlamaları mazmunı hám mánisine qarayoqıwshılardıń individual islewge, eki oqıwshı birgelikte islewge mólsherlengenmodul bolıwı kerek.

Okıwshılardıń individual islerine mólsherlengen modul baǵdarlamaları hár bir oqıwshınıń qızǵıwı, záru`rligi, bilim dárejesin arttırıw, ózlestiriw dárejesin anıqlaw, kitap usılında ózbetinshe islew kónlikpelerin rawajlandırıwdı názerde tutsa, kishkene toparlar ushın mólsherlengen modul baǵdarlamaları joqarıda aytılǵan faktorlar menen bir qatarda oqıwshılar ortasında óz-ara qatnas, birge islesiw, járdemdi payda etiw, oqıwshılardıń bir-biri menen óz-ara qadaǵalawdı ámelge asırıwdı nazerde tutadı.

Kishkene toparlar ushın du`zilgen modul bağdarlamalarınan paydalanıwda eki tu`rli jantasıw mu`mkin:

1. Jarıs usılı.

Oqıtıwshı oqıwshılardı teń sanlı toparlarğa ajratadı. Modul bağdarlamanı tarqatıp, topardağı oqıwshılar xızmetin modul bağdarlamadan orın alğan tapsırmalardı orınlawğa bağdarlaydı. Ҳár bir tapsırma orınlanğannan soń,tartıs, disput, soraw-juwap jarıs tu`rinde ótkeriledi. Xár bir topardağı oqıwshılar óz xızmetlerin joldaslarınıń pikirin esapqa alğan halda bahalaydı.

2. Kishkene másláhátshiler usılı

Oqıtıwshıklass oqıwshıların ó-u` teń sanlı kishkene toparlarğa ajıratadı. Ҳár bir topar kishkene másláhát beriwshiler tayarlaydı.

Kishkene másláhátshiler toparındağı oqıwshılardıń xızmetin qadağalaydı. Tiyisli jağdaylarda óz-ara járdem shólkemlestiredi. Tapsırmalar negizinde soraw-juwap ótkeriledi. Kishkene toparlardağı oqıwshılar xızmetin óz-ara qadağalaw arqalı bahalanadı.

Modulli sabaqtı tómendegishe ótkeriw usınıs etiledi:

I. Shólkemlestiriw.

II. ótken temalar boyınsha oqıwshılar bilimin test sorawları járdeminde anıqlaw hám bahalaw.

III. ótken temanı juwmaqlaw.

IV. Jańa temanıń bayanı:

A) jańa tema boyınsha du`zilgen modul bağdarlamasın tarqatıw hám oqıwshılar moduldiń didaktikalıq maqseti menen tanıstırıw.

B) Oqıwshılardı jeke hám kishkene toparlar tártibinde modul bağdarlamadağı tapsırmalardı orınlawğa bağdarlaw.

V) Ҳár bir oqıw xızmeti elementi tapsırmalarınıń tolıq orınlanıwın qadağalaw, tiyisli kórsetpeler beriw.

G) Ҳár bir oqıw xızmeti elementi juwmağında soraw-juwap yamasa disput ótkeriw.

V. Jańa tema yunonsha test sorawları járdeminde oqıwshılar bilimin anıqlaw;

A) óz-ózin qadaǵalaw,

V) óz-ara qadaǵalaw,

V) oqıtıwshınıń qadaǵalawı

VI. Sabaqtı ulıwma juwmaqlaw.

Joqarıdaǵı pikirlerden kórinip turǵanınday, bilim protsessinde modul baǵdarlamalardan paydalanıw oqıwshılardıń bilim alıwın aktivlestiredi hám oqıtıw nátiyjeliginiń joqarı dárejede bolıwın támiyinleydi.

## 2.5.Baslawısh bilimlendiriwde testlerdi ótkeriw

Ayırım oqıwshılar óz jumıs xızmetinde aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya elementi sıpatında tek ǵana testlerden paydalanbaqta. Temaǵa baylanıslı tekstlerdi ózleri du`zedi. Biraq test sorawların durıs du`ziw ushın test haqqında teoriyalıq bilimge iye bolıwı kerek.

Test tapsırmalarınıń mazmunına qaray tórt tu`rge bólinedi: jabıq, ashık, sáykeslik hám izshilik testler. Test wazıypalarınıń basqada formaları bar.

Jabıq test-test shárti soraw yamasa bir wazıypa hám qısqa juwaplardan ibarat bolıp, kóbinese juwaplardan birewi durıs, qalǵanlarıdurıs juwapqa uqsasraq boladı. Jabık test dep atalıwınıń mánisi sonda, tekseriliwshi qoyılǵan shártke óz «juwabın» berealmaydı, ol teste keltirilgen juwaplardan birin-ózinshe durıs esaplaǵanın tańlawı, belgilewi mu`mkin.Jabıq testtebirneshe durıs juwap bolıwı mu`mkin.

## 2.6.Baslawısh bilimlendiriwde dástu`riy sabaqlar

İlim-izertlew jumısımızdı biz baslawısh klass oqıtıwshılarınıń dástu`riy sabaqların baqlawdan basladıq. Baqlaw protsessinde «bir qálip» tiykarında sabaq ótetuǵın hám kerisinshe ózu`stinde islep, dóretiwshilik ótetuǵın oqıtıwshılar kózge taslandı.

Dáslepki maqsetimiz oqıtıwshılar aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya haqqında qay dárejede maǵlıwmatqa iye ekenligin, onı tálim-tárbiya protsessinde engiziwden tiykarǵı maqsetti ańlap jetkenliklerin anıqlawdan ibarat.

Sol maqsette Nókis qalasındaǵı 9-mektepte, 15-mektepte baslawısh klass oqıtıwshıları arasında sorawnama ótkerdik.

Sorawnamada sorawlarǵa juwaplardı analiz etip, sub`ektiv jaǵdaydı tómendegishe tablitsa arqalı su`wretleymiz.

| № | Juwaplar | Juwaplar sanı % esabında | Oqıtıwshılardıń katergoriyası | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya elementlerinen paydalanıp sabaq ótemen | 23,3 | 50,0 | 56,7 |
| 2 | Aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya haqqında maǵlıwmatqa iye bolmaǵanım ushın jumıs xızmetinde azǵana qollayman | | | |
| 3 | Aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya haqqında maǵlıwmatqa iye emespen, sonıń ushın sabaqprotsessinde hesh qollanbayman. | 50,0 | 20,0 | 10,0 |

Bul tablitsada tómendegishe qısqartıwlar berilgen «5 jılǵasha» -5 jıllıq is stajına iye oqıtıwshılar, «10-jılǵasha» -10 jıllık is stajına iye oqıtıwshılar, «15-jılǵasha»- 15 jıllıq is stajına iye oqıtıwshılar.

Tablitsadan kórinip turıptı, oqıtıwshılardıń is stajı artıp barıwı menen aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw % kórsetkishi artıp barǵan. Biraq bul 15 jıl is stajına iye bolǵan oqıtıwshılar 100% aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyanı ózlestirgen emes, olar arasında pedagogikalıq texnologiyanı azǵana qollaytuǵınlar

33,3% ti quraydı. Yamasa jumıs xızmetinde aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya haqqında iye bolmay, onı qollamaytuǵın oqıtıwshılar 10% ti quraydı.

5 jıllıq is stajına iye bolǵan oqıtıwshılardıń 50% ti jumısında aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyanı paydalana baslaǵanın aytıp ótti.

10 jıllıq is stajına iye bolǵan maman oqıtıwshılar toparınıń juwapları biraz ǵana ózgeshe. Bul tiptegi pedagoglardıń 50% ti jumıs xızmetinde aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya elementlerinen paydalanıwdı aytıp ótken.

U`shinshi kórinis tajriybeli oqıtıwshılar toparın shólkemlestirgen edi. Olardıń 56,7% ti tiykarınan óz xızmetlerinde aldıńgı pedagogikalıq texnologiya elementlerinen qollaytuǵınların aytqan.

Oqıtıwshılar óz u`stinde dóretiwshilik penen islese, jıl sayın onıń sheberligi artadı. Bunıń ushın bull tarawǵa baylanıslı baspalarda, ǵalaba xabar quralları arqalı beriletuǵın tálim progressine baylanıslı baǵdarlardı baqlap barıw kerek.

Tájriybe klassları etip 1-4 hám 1-4 «v» klassların tańladıq. Oqıw jılı basında klastaǵı oqıwlardıń ózlestiriw dárejesi barlıǵı birdey. Oqıw jılı dawamında tájriybe klass oqıtıwshılarına aldıńǵı pedagogikalıq texnologiya tiykarında ótiletuǵın sabaq islenbeleri, metodikalıq qollanbalar, qızıǵarlı tapsırmalar, bilim beriwshi oyınlar, test tapsırmaları, dástu`riy emes uslubda ótiletuǵın sabaq joybarların berip barlıq hám ulıwmalastırıwshı sabaq hám bir sherek juwmaǵında eki klass oqıwshılarınıń ózlestiriwshi dáreje kórsetkishlerin belgilep bardıq.

Birinshi klasta sabaqlardı dástu`riy emes usılda shólkemlestiriw, bilim beriwshilik oyınlardan, test tapsırmalardan paydalanıw arqalı oqıwshılardıń qızıǵıwshılıqları artadı. Birinshi klastıń III-IV shereklerge kelip klastıń ulıwma ózlestirw dárejesineqarap, «Klaster» metodın oqıw, anna tili, átirapımızdaǵı álem, matematika sabaqlarında qollanıw mu`mkin.

Kishkene toparlar menen islesiwdiń abzallıǵı:

-sabaqta barlıq oqıwshılardıń aktivligi támiyinlenedi,

-waqıttı u`nemlew, yaǵnıy az waqıt sarplap kóbirek bilimalıw imkanin beredi.

-oqıwshılar sabaqta óz pikirlerin erkin, ózbetinshe bayan ete aladı.

-topardağı okıwshılar jámáátinde óz ornı barlıǵın ańdap olarda juwapkershilik sezimi oyanadı.

Ekingshi klasta oqıwsabaǵında ótkerilgen tájriybe-sınaw sabaqlarınıń islenbelerinen u`lgi keltiremiz.

Sabaqlıqta berilgen «Ur toqpaq» ertegi tórt bólimnen ibarat. Soǵan qaray biz klastı tórt gruppaǵa bóldik (8-9 oqıwshı). Ҳár bir toparǵa sárdar saylandı hám oqıtıwshılarǵa tómendegishe tapsırmalar berildi.

-I topar 1-bólimdi oqıp, tema qoyıp, mazmunın soylep beredi.

-II topar 2-bólimin oqıp, tema qoyıp, mazmunın sóylep beredi.

-III topar 3-bólimin oqıp, tema qoyıp, mazmunın sóylep beredi.

-IV topar 4-bólimin oqıp, tema qoyıp, mazmunın sóylep beredi.

Bul tapsırmalardı orınlaw ushın oqıwshılarǵa 10 minut waqıt beriledi. Belgilengen waqıt dawamında oqıwshılar ertek bólimin ózbetinshe u`yrenip oqıp, mazmunın óz-ara analiz etedi, kelisken halda say tema qoyadı.

Oqıtıwshı bunday sabaqta qadaǵalawshı wazıypasın óteydi. Ўaqıttı bólistirip, topardağı oqıwshılardıń aktivligin tekserip turadı.

Topardağı analiz aqırına jetkennen soń, toparlar izbe-izligi boyınsha oqıwshılar ertek bólimin qoyılǵan temanı aytıp, mazmunın soylep beredi. Ҳárbir toparǵa _ minuttan waqıt ajratıladı. Topardağı oqıwshı sóylep atırǵanda hámme oqıwshılardıń dıqqat itibarı sorawlar tawıp, jazıp qoyadı, oqıtıwshı beriletuǵın sorawlardı qadaǵalap baradı.

Ertek mazmunı sáwlelendirilip berilgennen soń toparlar aralık soraw-juwap baslandı.

-I topar oqıwshılarına 1-bólim boyınsha sorawlar,

-II topar oqıwshılarına 2-bólim boyınsha sorawlar,

-III topar oqıwshılarına 3-bólim boyınsha sorawlar,

-IV topar oqıwshılarına 4-bólim boyınsha sorawlar,

Soraw-juwaplarda topardaǵı barlıq oqıwshılar aktiv qatnası qadaǵalanadı. Soraw-juwap aqırına jetkennen soń, oqıtıwshı juwmaǵı tıńlanadı hám aktiv qatnasqan oqıwshılar xoshametlenedi.

Bayan etkenimiz tájriybe-sınaw klasında ótken sabaq edi. Qadaǵalaw klasında ertek dástu`riy sabaq uslubında ótildi. Náwbettegi sabaqta oqıwshılardıń ertekti qay dárejede ózlestirgenliklerin anıqlaw maqsetinde eki klass oqıwshılarına sorawlar betlerin tarqatıp shıqtıq. Sorawlar tómendegishe du`zilgen edi:

1. G`arrı láylek penen qalay tanısıp qaldı?
2. Láylek ǵarrıǵa qanday wáde berdi?
3. Láylek óz wádesiniń u`stinen shıqtıma?
4. Bay ǵarrını qanday etip aldadı?
5. G`arrı menen baydı salıstırıń?
6. Bay ǵarrını ne maqsette aldadı?
7. G`arrı hiyleker baydı qanday jazaladı?
8. Ertek jaqsılıq penen tamamlandıma? Sizlerde qanday tásirlerdi qaldırdı?

Sorawlarǵa alǵan juwaplardı analiz etip, oqıwshılardıń ertekti ózlestirgen dárejesin anıqladıq.

Tájriybe klassında feyil temasın bekkemlew sabaǵında «Kubik» metodınan paydalandıq. Kubiktiń 6 tárepi arqalı feyil sóz klassifikatsiyası haqqında barlıq maǵlıwmatlardı sáwlelendirip beriwdi maqset etip qoydıq. Bunıń ushın kubiktiń 6 tárepi tómendegi tapsırmalar jazıldı:

1. Feyil haqqında ulıwma tu`sinik.
2. Feyillerdiń gáptegi wazıypası.
3. Feyil zamanları.
4. Feyillerde shaxs-san.
5. Bolımlı, bolımsız feyiller.
6. Qospa feyiller.

Klastaǵı hár bir oqıwshıǵa feyil sózklassifikatsiyasına baylanıslı sóz jazılǵan kartoshkalar tarqatıladı hám oqıwshılar kubiktiń shártlerine muwapıq berilgen feyillerdi analiz etedi.

Bul metod ótilgen sabaqtı hár tárepleme turaqlı u`yreniw imkanın beredi. «Kubik» metodınıń abzallıǵı sonda:

-oqıtıwshı bir waqıttıń ózinde oqıwshılar menen bir tu`rdegi másele u`stinde isleydi.

-klastaǵı barlıq oqıwshılar tapsırma menen bánt boldı.

-oqıwshılardıń tez pikirlew qábiletleri ósip, logikalıq pikirlewge u`yrenedi.

ótkerilgen tájriybe sınaw isleri nátiyjeleri tómendegi tablitsalarda óz kórinisin tapqan.

Tablitsalarda berilgen kórsetkishler sonnı kórsetedi, sabaq protsessinde aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıp sabaq ótken oqıtıwshılar klastaǵı oqıwshılardıń ózlestiriw dárejesi, dástu`riy uslubda sabaq ótetuǵın oqıtıwshılardıń klasındaǵı oqıwshılardıń ózlestiriw dárejesinen joqarı.

ózlestiriwdi joqarı dárejege kóteriw oqıtıwshıdan miynet hám sheberlikti, oqıwshıdan bolsa qunt penen izleniwshilikti talap etedi.

## 2.7.G`árezsizlik dáwirindegi baslawısh klasslar ushın bilimlendiriw standartlarınıń engiziliwi

Baslawısh bilim beriwdiń mámleketlik standartı ulıwma orta bilim beriwdiń mámleketlik standartlarınıń bir tarawı bolıp tabıladı. Bul ózbekistan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamlarına hám «Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması»na tiykarlanıp is alıp baradı.

ózbekistan Respublikasınıń ǵárezsizlik alıp, erkin mámleket dárejesine erisiwi, onıń quramındaǵı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń da suverenlikke iye bolıp óz aldına otaw tigiwi, ózine tán jańa joldı tańlawı xalıq bilimlendiriw salasında kayta qurıwdı talap etedi. Bilimlendiriw tarawın tu`p tamırdan reformalalastırıw, bilimlendiriw mazmunın jańalaw «Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlama» sı,

ózbekistan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızam talaplarına muwapıq ámelge asırılmaqta.

«Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamnıń 7-stat`yasında Mámleketlik bilimlendiriw standartı haqqında bılay delingen: «Mámleketlik bilimlendiriw standartı ulıwma orta, orta arnawlı, kásip óner hám joqarǵı bilim mazmunına jáne sıpatına qoyılatuǵın talaplardı belgileydi. Mámleketlik bilimlendiriw standartların orınlaw Qaraqalpaqstan Respublikasınıń barlıq bilimlendiriw mekemeleri ushın májbu`riy bolıp tabıladı».

## 2.8.Mámleketlik bilimlendiriw standartlarına sholıw.

ózbekistan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen tastıyıqlanǵan «Mámleketlik bilimlendiriw standartı haqqında»ǵı Nızamǵa muwapıq ulıwma orta bilim beriwge, sonıń ishinde baslaısh bilim beriwge mámleketlik bilimlendiriw standartı belgilenedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń xalıq bilimlendiriw kontseptsiyamı qaraqalpaq xalıqınıń madeniy hám pedagogikalıq dástu`rleri, mádeniy-tariyxıy miyrasları du`ńya ju`zlik madeniyatı, xalıqtıń ruwxıy hám sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw printsiplerine tiykarlanadı. Baslawısh bilim beriw mámleketlik standartı ózbekistan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń baslawısh bilim beriw kontseptsiyaların basshılıqqa aladı.

Baslawısh bilim beriwdiń mámleketlik standartı ulıwma orta bilim beriw ushın záru`r bolǵan sawatlıq, bilim hám kónlikpe tiykarların qáliplestiredi.

Baslawısh bilim beriw oqıwshılardıń logikalıq oylaw dárejesiniń rawajlanıwı ushın záru`r bolǵan eń ápiwaıy bilim tiykarların ózlestiriwge mu`mkinshilik beredi, olardıń oy-misiniń ósiwine, du`ńyaǵa kóz-qarasınıń qáliplese baslawına tiykar saladı.

Oqıwshılar ózlerinde oqıw háreketleri menen miynet hám mádeniyatlı sóylew kónlikpelerin boldıradı. Oqıwshılardıń óz betinshe erkin pikir ju`rgiziw, óz pikirin tolıq aytıw, óz pikiriniń durıslıǵın dálillew hám juwmaq shıǵarıw sıyaqlı ózin-ózi tanıw sezimlerin rawajlandıradı.

Baslawısh bilim beriwdiń mámleketlik standartın iske asırıw ushın tómendegi talaplar orınlawı tiyis;

-respublikamızdıń jámiyetlik –ekonomikalıq jetiskenliklerine, qaraqalpaq xalıqıkınıń mádeniy-tariyxıy baylıqlarına su`yene otırıp, balalardı hár tárepleme garmonikalıq jaqtan rawajlanǵan, bilimli, ádep-ikramlı, joqarı ruwxıy pazıyletlerge iye adam etip tárbiyalap shıǵarıw;

-oqıtıwdıń hár qıylı nátiyjeli usıllarınan paydalana otırıp, oqıwshılardı óziniń bilimin tereńlestiriwge umtıldırıw, óz betinshshe islew kónlikpelerin boldırıw.

-baslawısh bilim beriwdiń standartına kirgizilgen hár bir bilim tarawı boyınsha balalarǵa insan, tábiyat, tariyx hám jámiyet bilim beriw;

-bilimniń turmısqa kerekli psixologiyalıq, pedagogikalıq hám texnologiyalıq baǵıtın keńeytiw;

Bilim beriw arqalı qaraqalpaq xalıqınıń baylıqlarına, tariyxına, u`rp-ádet dástu`rlerine degen oqıwshılardıń su`yispenshilik sezimlerin oyatıw hám keńeytiw;

hár bir bilim tarawı boyınsha balanıń talap hámqızıǵıwshılıǵın qanaatlandırıw;

balalardıń basqa tilde hám anna tilinde sóylesiw kónlikpelerin rawajlandırıw;

balalarǵa bazar qatnasıqların, huqıq hám ekologiya haqqında elementar tu`sinikler beriw;

baslawısh bilim beriwdiń aldına qoyılǵan talaplardı orınlawın qadaǵalaw bilim beriwdiń mámleketlik standartı arqalı iske asırıladı.

Pedagogikalıq texnologiya sonday bilimler tarawı, olardıń járdeminde jańa mıń jıllıkta bilimlendiriw tarawındaǵı mámleket sıyasatın tu`pten ózgerdi. Tálim mazmunı, oqıtıwshı xızmeti janalandı. Mazmun, maqset jańalanǵan jayda eski usılda islep bolmaydı. Bul dáwir oqıtıwshı-pedagoglardan tınımsız izleniwshilikti talap etedi.

Baslawısh tálim dáwiri balanıń jeke adam bolıp kamalǵa keliwinde áhmiyetli dáwir bolıp esaplanadı. Sonday eken, biz baslawısh klass oqıtıwshılarına u`lken wazıypalar ju`klengen. Ana Ўatanǵa sadıq qılıp tárbiyalawımız kerek.

Bu`gingi ku`nge kelip mekteplerde bahalawdıń reyting sisteması biykar qılındı. Demek, biz aldın oqıwshılardı bahalawdıń tu`rli usılların tawmastan, bilim beriwdiń nátiyjeli jolların tabıwımız kerek. Bunıń ushın bolsa tálim protsessine aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı engiziwdi aktivlestiriwimiz kerek, aldıńǵı oqıtıwshılarımızdıń is-tájriybelerin respublikamızǵa en jaydırıwımız lazım.

Respublika hám oblast` bilimin jetilistiriw institutlarında aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı sabaqlarda engiziwdi u`yretiw boyınsha bayanat hám ámeliy shınıǵıwlar engizilgen. Ashıq jámiyet institutı talaba, magistr hám oqıtıwshılar ushın aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı engiziw boyınsha «Kritikalıq pikirlewdi rawajlandırıw ushın Oqıw hám Jazıw uslubları» baǵdarlamasın usınıs etpekte. Bul kurstıń tiykarǵı maqseti, aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı keń jámiyetshilikke engiziwden ibarat.

Aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardı ulıwmalastırıw, ulıwma bilim beriw mekteplerindegi oqıw tárbiya protsessiniń izbe-izligin asıradı hám «Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması» nıń ekinshi hám u`shinshi basqıshında aldımızǵa qoyǵan wazıypalardı izshil ámelge asırıwda járdem beredi. Pitkeriw qánigelik jumısı nátiyjesi boyınsha tómendegilerge erisildi:

1. G`árezsizlik dáwirinde baslawısh tálim sisteması rawajlandırıldı.
2. Baslawısh tálim sistemasına aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalar engizildi.
3. Baslawısh tálim pánleri boyınsha mámleketlik bilimlendiriwstandartları hám baǵdarlamaları du`zildi.
4. Baslawısh tálim sisteması ushın jańa sabaqlıqlar áwladı jaratıldı.

## III BAP

## Baslawısh bilimlendiriwde kvantitativlik modellestiriw metodların qollanıw

3.0. Dáslepki eskertiwler ushın

3.1.Mug'allim hám oqıwshı arasındag'i dóretiwshilik ortalıqtı jetilistiriw máselesi

3.2.Qaraqalpaq tilin izertlewlerde kvantitativlik modellestiriw metodları boyınsha júrgizilgen tájriybeler

3.3. Kvantitativlik modellestiriwdiń tiykarg'i printsipleri

3.4. Modellestiriwdińtiykarg'i qag'ıydaları

.5. Jiyilik sózlikler hám olardıń túrleri

3.6.Baslawısh bilimlendiriwde oqıw sózliklerdi paydalanıw máseleleri

3.7. Kvantitativlik-lingivistikalıq birlikler

3.8. Sóz hám sóz formalardıńortasha qaytalanıw jiyilikleri

## 3.0. Dáslepki eskertiwler ushın

ózbekistan Respublikasındağı qabıl etilgen «Kadrlar tayarlawdıń milliy dástu`ri» nde ilim hám islep shığarıw arasında puxta óz-ara birge islesiw hám paydalı integratsiyanıń joqlığı, házirgi ku`ndegi turmısımızda orın alğan iri kemshiliklerdiń biri ekenligi sıpatında kórsetiledi. Sonıń ushında usı dástu`rdiń maqseti hám wazıypalarınıń biri sıpatında bilimlendiriw ilim hám islep shığarıw jumısların tabıslı integratsiyalanıwın támiyinlew hám tayarlanıp atırğan kadrlardıń muğdarı menen onıń sapasın mámlekettiń házirgi ku`ndegi talaplarına juwap beriw záru`rligi haqqındağı máselelerdi ortağa qoyadı. Qalaberse mámleketlik emes uyımlar, kárxanalar hám shólkemlerdiń buyırtpalarına say keletuğın mexanizmlerin islep shığıw máselelerin atap ótedi.

Kadrlar tayarlawdıń milliy modeliniń quramına shaxs, mámleket hám jámiyet, u`zliksiz bilimlendiriw, islep shığarıw sıyaqlı tiykarğı bólimlerinde jaslardı bağdarlaw máselesin de itibar berilgen. Aldıńğı qatardağı pedagogikalıq hám xabar texnologiyalardı paydalanıw arqalı xalıq bilimlendiriw tarawındağı refomalar ju`rgiziw záru`rlikleri tuwıladı.

Tariyxta hesh bir texnologiya, bir ásirden ekinshi ásirge kóship otırmağan. Ҳár qanday texnologiyanıń ómir su`riw dáwiri boladı. Birewi on jıl, ekinshisi 20 jıl, ayrımları 30-40 jıl ómir su`rip, usı aralıqta xalıqqa xızmet kórsetedi. Biraq bul dáwirdiń hám turmısımızdıń talabına muwapıq bilimlendiriw sistemasına degen talap ku`sheyip otıradı. Nátiyjede eski texnologiyanıń paydalnıw órisi tarayıp, áste-aqırın talapqa juwap bermegenligi sebepli saxnada shığıp otırğan. Olay bolsa

házirgi zaman bilimlendiriw sistemasına juwap beretuǵın texnologiyalardı jaratıwımız záru`r boladı.

A`lbette jańa texnologiyanıń jaratılıwında hám onıń turmısımızda paydalanıwdıń dáslepki basqıshında bógetler hám qarama-qarsılıqlardıń bolıwı sózsiz. Mine usı qarama-qarsılıqlar ishindegi,yaǵnıy jańa texnologiyanıń ju`zege keliwine irkinish jasaytuǵın sebepleriniń biri-bul jıllar dawamında bir texnologiyaǵa u`yrenisip qalıw nátiyjesinde hám jańa metodlardı qabıl etiwdi qálemeytuǵın, qáliplesip qalǵan pikirlerden kutılıw qıyınshılıǵı bolıp tabıladı. Usınlıǵan jańa texnologiyanı u`yreniw hám oǵan u`yrenisiw ju`dá hám quramalı hám qıyın protsess ekenligin umıtpawımız kerek. Bul jerde İ.Karimovtıń «jańa u`ydi qurmayturıp, gónesin buzbawımız kerek» degen sózin de umıtpawımız kerek álbette. Jana texnologiyanı oqıw protsessine endiriw dáwirinde payda bolıwı mu`mkin bolǵan bılǵasıqlardı boldırmaw ushın, onı izbe-iz basqıshpa basqısh ámelge asırıwımız kerek boladı.

Aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyaǵa ótiwden aldın pedagog kadrlarımızdıń eski keńes dáwirindegi jaratılǵan texnologiyalardıń gónerip qalǵanlıǵın hám onıń házirgi bilimlendiriw tizim talaplarına juwap bermeytuǵınlıǵı haqqındaǵı uǵımdı qáliplestiriwimiz hám oǵan isendiriwimiz záru`r. Sebebi jańa aldıńǵı qatardaǵı texnologiyanı du`ziw hám onı turmısqa asırıwımız ushın kóp mıńlıq pedagog kadrlardan turatuǵın armiyanıń qatnasatuǵınlılıǵın umıtpawımız kerek. Egerde hámme bul jumısqa belsene birigip qatnaspasa, álbette bilimlendiriw tizimindegi aldıńǵı qatar pedgogikalıqtexnologiyanı du`ziw hám turmısqa asırıw mu`mkin bolmay qaladı.

## 3.1. Muǵallim hám oqıwshı arasındaǵı dóretiwshilik ortalıqtı jetilistiriw máselesi

Jwra Ywldashevtiń «Jáhán ádebiyatı» jurnalında basılıp shıǵarılǵan «Bilimlendiriw hám talap: mashqalalar, tájriybe hám juwmaqlar»- mashqalasında xalıq bilimlendiriw ministrliginiń ózbek tili hám ádebiyatı tálimin jetilistiriw haqqındaǵı alıp barılıp atırǵan áhmiyetli baǵdarların kórsetip ótedi. Atap aytqanday jaqınǵa deyin mekteplerimizde hámme protsesslerde muǵallim hu`kimdar edi. Ol baladan tek ǵana óziniń tu`singen nárseni tu`sinip alıwdı talap eter edi. «Meniń aytqanım aytqan, degenim-degen – usılında is tutıp, oqıwshılarda biyǵárez pikir ju`rgiziw kórkem hám ilimiy kitaplar u`stinde ózbetinshe islewge mu`mkinshilik berilmeytuǵın edi-dep kórsetedi. Avtor bul pikirdi jánede

tómendegishe tereńlestiredi: Bu`gin talap tu`p tamırınan ózgeredi. Máselen burınları muǵallim balalardı oqıtatuǵın edi házir oqıwǵa u`yretiw záru`r, bular basqa-basqa tu`sinikler. Burınları bala ápiawı tıńlawshı bolsa, al endi ol sabaqtı shólkemlestiriwge qátnasıwshı: Oqıwshı ózi bilim alıwı jaǵdayında, yaǵnıy qosımsha derekler, maǵlıwmatlar, xabarnamalar u`stinde islewi, sol tiykardı nátiyjeler shıǵarıwdı u`yreniwi kerek» - dep kórsetedi. (Ywldoshev, 1998,108-109 b.)

Joqarıdaǵılardı esapqa ala otırıp, dóretiwshilik ortalıqtı jetilistiriw maksetinde, bul pikirlerdi esapqa alıwımız maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı.

## 3.2. Qaraqalpaq tilin izertlewlerde kvantitativlik modellestiriw metodları boyınsha ju`rgizilgen tájriybeler

Qaraqalpaq ti bilimi boyınsha dáslepki tikkeley baqlaw metodlarına tiykarlanǵan izertlewler otızınshı jıllarda baslanǵanlıǵı haqqında kórnekli turkologlardıń izertlewlerinde fonetikalıq, leksikalıq-grammatikalıq, salıstırmalı-tariyxıy tarawları keń tarmaqlarda alıp barıldı hám áhmiyetli nátiyjeler alındı.

Al jetpisinshi jıllarda tu`rkiy tillerdi izertlewdiń kvantitativlik modellestiriw metodları da kele basladı.

Qaraqalpaq til bilimine kirip kelgen bull metodlar ótken ásirdiń sekseninshi jıllarınan baslap qolǵa alınadı.

1987 jılı «Qaraqalpaq publitsistikalıq tekstlerdiń leksikası hám morfologisın izertlewdiń lingvostikalıq tájriybeler» atamasındaǵı tema boyınsha kandidatlıq dissertatsiya jaqlandı. (Ayımbetov, 1987,23 bet). Sonıń ala «Bilim» baspası tárepinen, bul ilimiy jumıstıń monografiyası baspadan shıktı. (Ayımbetov, 1991, 128b)

Toqsanınshı jıllarda bolsa, til bilimindegi kvantitattivlik modellestiriw metodları izertlew órisi keskin keńeyip turkologiyada óziniń salmaqlı ornın belgiledi. 1997 jılı «Tu`rkiy tilleriniń kvantitativlik-tipologiyalıq jaqınlılıǵınanıqlawdaǵı problemaları hám metodları» atamasındaǵı teması boyınsha doktorlıq dissertatsii jaqlandı.

Bul tema tiykarınan alǵanda turkologiyada óz sheshimin taba almay atırǵan eń bir qıyın bolǵan tu`rkiy tilleriniń klassifikatsiyalaw problemasına baǵıshlanǵan jumıs bolıp esaplanadı.Sonıń menen birge qaraqalpaq tiliniń beyimlesiw sistemasına anıqlıqlardı kiritiwleri arqalı tu`rkiy tillerge áhmiyetli bolǵan maǵlıwmatlar alındı.

Biraqta bul metodlar tiykarınan alǵanda ádebiy tekstlerde paydalanıladı. Degen menen házirgi ku`nde kvantitativlik modellestiriw metodların baslawısh klass sabaqlıqlarınıń tekstleri boyınsha izertlew jumısların ámelge asrıw záru`rlikleri sezilmekte.

Bunıń tiykarǵı sebebi baslawısh klass sabaqlıqları boyınsha sınawlardı ótkeriwnatiyjesinde tekstlerdin kvantitativ-strukturalıq nızamlılıqların anıqlaw záru`rlikleri menen baylanıslı bolıp otır.

Mine til bilimindegi kvantitativlik hám matematikalıq modellestiriw metodları járdeminde baslawısh klass oqıw kitaplarınıń tekstlerin izertlew arqalı tikkeley baqla boyınsha anıqlanıp bolmaytuǵın ob`ektlerdiń ishki nızamlılıqların anıqlaw mu`mkinshiliklerine iye bolamız.

## 3.3 Kvantitativlik modellestiriwdiń tiykarǵı printsipleri.

Til biliminde izertlewdiń tu`rli usılları bar. Atap aytqanda salıstırmalı tariyxıy grammatikalıq, leksikalıq, fonetikalık h.t.b. Bul metodlar arqalı tilimizdegi bolıp atırǵan álwan tu`rli qubılıslar anıklanǵan hám anıqlanıp kelinbekte.

Joqarıda sóz bolıp atırǵan metodlardıń ózine ılayıq izertlew mu`mkinshilikleri boladı. Ҳár bir izertlewshi izertlenip atırǵan ob`ektti u`yreniw jaǵdaylarına qaray otırıp, ózine qolaylı bolıp esaplanǵan metodlardı saylap aladı.

Geypara waqıtları qoyılıp otırǵan mashqalanıń tu`rine qaray otırıp izertlenip atırǵan ob`ektler bir waqıttıń ózinde bir neshe metodlardı paydalanıw záru`rliklerdiń tuwlıwı mu`mkin. Ju`zege kelgen bunday jaǵday birinshi gezekte ortaǵa qoyılǵan mashqalanıń quramalı bolıwları menen tıǵız baylanıslı boladı.

Egerde jigirmanshı ásirdiń basında ilimler tu`rli tarawlarǵa tarmaqlanǵan bolsa, al jigirmalanshı ásirdiń jetpisinshi jıllarınan baslap izertlew ob`ektlerin birgelikte

alıp bardı. Máselen matematikalıq fizika, matematikalıq lingvistika, fizikalıq-ximiya h.t.b.

Bul dáwirde modellestiriw metodları ilimniń tu`rli tarawlarında paydalanıwları arqalı ilimniń tu`rli tarawlarında izertlewnátiyjelerine eristi. Sonıń menen birgelikte bull metodlar til bilimine de kirip keldi. Nátiyjede ti biliminde matematikalıq, strukturalıq hám ámeliy lingvistika tarawı ju`zege keldi.

Til bilimindegi fonetikalıq, gramatikalıq hám salıstırmalı tariyxıy hám de tağı da basqa metodlar tikkeley baqlaw metodları degen at penen ilimde belgili. Biraqta lingvistikalı ob`ektlerdi u`yrenilip atırǵan waqıtlarda (bizlerdiń jayımızda u`yreniliwshi ob`ekt bull tekstler) tikkeley baqlar metodlarının hámme waqıtta da ku`shi jetpeytuǵın jağdaylardı da bolatuǵınlığı málim boldı.

Atap aytqanda bull ob`ektlerdiń ishki du`zilisindegi belgisiz qubılısları menen qásiyetlerin tikkeley baqlaw metodları arqalı anıqlaw ju`dá qıyın máselege aylanǵanlığın kóremiz.Bunday tu`rdegi qıyınshılıq, tiykarınan alǵanda ob`ektlerdiń makro yamasa mikro ólshemleri yamasa til qurılısındagı qubılıslar menen protsesslerdiń quramalığı menen tığız baylanıslı boladı. A`lbette bunday jağdayda adamnıń organizmi u`yrenilip atırǵan ob`ektlerdi tikkeley baqlaw mu`mkinshiligine iye bola almaydı. Bunıń tiykarǵı sebebi adam organizminiń seziw mu`mkinshilikleriniń sheklengenligi menen tığız baylanıslı boladı.

Bunday tu`rdegi qarama-qarsılıqlardan qutılıw ushın, ilim modellestiriw metodların oylap taptı. Bul metodtıń mazmunı sonnan ibarat, izertlenip atırǵan ob`ekttiń makro yamasa mikro razmerliliklerde iye bolǵanda, yamasa ob`ekttiń ishki qurılısında, bolıp atırǵan álwan tu`rli qubılıslar menen protsesslerdiń hádden tıs quramalı bolǵan jağdayda, adam organizminiń seziw organlarına izertlewge qolaylı bolǵan ekinshi bir ob`ekt saylanıp alınadı. Bul saylanıp alıngan ob`ekttiń modeli dep ataydı. Al izertlenip atırǵan ob`ekt bolsa-natural ob`ekt dep ataladı. Natural ob`ekt penen model` arasındağı qatnaslar arqalı izertlenip atırǵan ob`ektlerdiń belgisiz qubılısları menen protsesslerin ashıw mu`mkinshilikleri

ju`zege keledi. Bunday tu`rdegi izertlewler tábiyiy hám gumanitar tarawlarına kirip, modellestiriw metodları degen at alǵan.

### 3.4. Modellestiriwdiń tiykarǵı qaǵıydaları.

Tikkeley baqlaw metodları sıyaqlı modellestiriw metodlardıń da izertlew mu`mkinshilikleri sheklengen boladı. Bunday tu`rdegi izertlew metodlarınıń shegaralanıwshılıǵı, tiykarınan alǵanda model`diń natural ob`ektti almastıra almawshılıq jagdayları menen tıǵız baylanıslı. Máselen globus jer sharınıń modeli bola aladı. Sebebi globus arqalı jer sharı haqqında kóp maǵlıwmat alsaqta, ol hesh waqıtta jer sharın almastıra almaydı. Al`favitli jiyilik sózliklerindegi al`favit tártibi boyınsha jaylastırılǵan sóz formaların qaraqalpaq tiliniń leksikologiyasındaǵı hám stilistikasındaǵı leksikalıq birliklerdiń bólistiriw itimallıqların modellestiredi. Biraq bul sózliklerdiń de paydalanıw mu`mkinshilikleri sheklengen boladı. Atap aytqanda:

1. Sózlikte al`favit tártibinde berilgen leksikalıq birlikler ya semantikalıq yamasa sintaksislik valentliklerdiń qaǵıydaların esapqa almaydı.
2. Natural ob`ekt penen model` óziniń quramalılıǵı menen ajıralǵanda ǵana modellestiriw paydalanıw maqsetke ılayıq bolıp esaplanadı. Egerde natural ob`ekt penen model óziniń ápiwayılılıǵı menen ajıralıp tursa, onday jaǵdayda modellestiriw hesh qanday mazmunǵa yamasa áhmiyetke iye bolmaydı. Bunday jaǵdayda izertlew jumıslarında modellestiriw metodları paydanılmaydı.
3. Natural ob`ekt penen model arasındaǵı uqsaslıqqa itibar beriw lazım. Bunday uqsaslıklar arqalı modelden alınǵan informatsiyalardı natural ob`ektlerde hár qıylı qatnaslar járdeminde (izomorf, gomomorf) ótkeriw arqalı ob`ektlerdegi bolıp atırǵan qubılıslardan u`yreniwge boladı.
4. Model` óziniń evristikalıq qásiyetleri arqalı ilimde jańa teoriya hám ideyalardı qáliplestiriwleri tiyis. Máselen sóz yamasa soz formalarınıń jiyilik sózliklerin du`ziw arqalı, olardıń qásiyetlerin anıqlaw mu`mkinshilikleri payda boladı.

5. Modeldiń sotsiallıq áhmiyeti ámeliyatta sınap kóriwleri arqalı anıqlanadı. Onıń bahalılıǵı tiykarınan alǵanda evristikalılıǵı menen belgilenip barıladı.

### 3.5. Jiyilik sózlikler hám olardıń tu`rleri.

Birinshi jiyilik sózlikler qaraqalpaq tiliniń leksikografiyasında jetpisinshi jıllardıń aqırında qolǵa alınıp, onıń nátiyjeleri 1980 jıldan baslap kózge kórine basladı.

Tashkent qalasında ótkerilgen III xalıq aralıq konferentsiyasında bull jóninde maǵlıwmatlar berildi. Konferentsiyada gazeta leksikası boyınsha qazıq, ózbek, qırǵız hám qaraqalpaq tilleriniń jiyilik sózlikleriniń esaplaw texnikasınıń járdeminde du`zilgenligi hám bull jumıslardıń nátiyjeleri bayan etildi.

Alınǵan bull sózlikler járdeminde statistikalıq-informatsiyalıq modellestiriwdiń nátiyjeleri kórsetildi. Atap aytqanda statistikalıq-informatsiyalıq modellestiriw járdeminde turkologiya tipologiyalık izertlewlerge, jasalma intellektlerdi izertlewlerde, bir tilden ekinshi tilge awdarıw esaplaw texnikaları járdeminde awdarıw mu`mkinshiligine iye bolıwı menen bir qatarda tillerdi oqıtıwda statistikalıq tiyimlestiriw metodların jaratıw mumkinshiliklerikórsetiledi. (Bektaev hám t.b.1980,168-169 b).

Bul dáwirde qaraqalpaq tiliniń leksikografiyasında gazeta tekstleri boyınsha jiyilik sózliklerdiń ulıwma kólemi 50 mıń sóz qollanılısına jetken edi. Sońınala gazeta tekstleri boyınsha jiyilik sózliktiń kólemi 100 mıń sóz qollanılısına jetti. Bunnan basqa sekseninshi jıllardıń ortalarına kelip, qaraqalpaq tiliniń leksikografiyasındaǵı jiyilik sózlikler respublikalıq siyasiy-ádebiy janrdaǵı «A`miwdar`ya» jurnalınıń tekstleri boyınsha du`zilip, onıń da kólemi ju`z mıń sóz qollanılısınan da astı. Atap aytqanda kvantitatilik izertlew ob`ektine qaraqalpaq tiliniń tu`rli janrlarınıń tekstleri boyınsha izertlewler ju`rgizildi. Máselen: eposlar qatarında «Alpamıs», «Qırıq qız», «Shar`yar» roman tekstlerine T.Qayıpbergenovtıń «Maman biy» ápsanası: Poeziyada qaraqalpaq klassik shıǵarmalarınıń tekstleri menen bir qatar İ.Yusupovtıń shıǵarmalarınıń tekstleri de kirgizildi.

Nátiyjede qaraqalpaq tiliniń leksikografikasın epos, roman, poeziya, jurnal,gazeta janrlarınıń jiylik sózliklerine iye boladı. Bul janrlar boyınsha du`zilgen statistikalıq materiallardıń kólemi yarım million qollanıslarınan da asıp tu`sti.

Komp`yuter járdeminde alınǵan jiyilik sózlikler bir neshe tu`rge iye boladı. Máselen: Al`favitli jiyilik sózlik sóz formalarınıń basıbay al`favit tártibindegi du`zilgen sózlikler, keri al`favitli jiyilik sózlik yaǵnıy sóz formaları sońınan al`favit tártibi menen du`zilgen sózliklerge aytamız.

Tablitsa № 1

Sóz formalarınıń al`favitli jiyilik sózligi

| I | Ls/f | F 8 | F I H |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 840 | Agitatar-3 | | |
| 841 | Agitatordan-3 | | |
| 842 | Agitatordıń-3 | | |
| 843 | Agitatorlar-3 | | |
| 844 | Agitatorlardıń-3 | | |
| 845 | Agitatorları-3 | | |
| 846 | Agitatorlarınıń-3 | | |
| 847 | Agitatsiya-proganda-3 | | |
| 848 | Agitatatsiya-3 | | |
| 849 | Agitatatsiyalıq-6 | | |
| 850 | Agitatorlar-3 | | |
| 851 | Agitatorlar-3 | | |
| 852 | Agitatorlar-3 | | |
| 853 | Agitatorlar-3 | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 854 | Agitatorlar-3 | | |
| 855 | Agitatorlar-3 | | |

Menshiklijiyilikso’zliktigeyderen’lijiyilikso’zlikdepteataydı. Bulso’zlikso’zformalarıboyınshajiyiliklerdin’kemeyiwta’rtibimenendu’zilgenso’zliktebolıpesaplanadı.

Tablitsa № 2

So’zformalarının’kerialfavitlijiyilikso’zligi.

| i | L s/f | Fi | Fi* |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 11951 | Qushtarlıqqa-3 | 1 | 55165 |
| 11952 | Zorlıqqa-3 | 1 | 55166 |
| 11953 | Direktorlıqqa-3 | 1 | 55167 |
| 11954 | G’amxorlıqqa-3 | 2 | 55169 |
| 11955 | Sılbırlıqqa-3 | 1 | 55170 |
| 11956 | Tayarlıqqa-3 | 1 | 55171 |
| 11957 | Uqsaslıqqa-3 | 2 | 55173 |
| 11958 | Doslıqqa-3 | 2 | 55175 |
| 11959 | Durıslıqqa-3 | 2 | 55177 |
| 11960 | Haqıyqatlıqqa-3 | 2 | 55179 |
| 11961 | Soldatlıqqa-3 | 1 | 55180 |
| 11962 | Azatlıqqa-3 | 3 | 55183 |
| 11963 | Azamatlıqqa-3 | 1 | 55184 |
| 11964 | Oypatlıqqa-3 | 1 | 55185 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 11965 | Deputatlıqqa-3 | 2 | 55187 |

Tablitsa № 3

So’zformalarının’menshikjiyilikso’zligi

| i | L s/f | Fi | Fi* |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 34 | Haqqında-III | 392 | 26114 |
| 35 | Komitetinin’-3 | 378 | 26492 |
| 36 | Barlıq-4 | 376 | 26868 |
| 37 | Qaraqalpaqstan-3 | 376 | 27244 |
| 38 | Oraylıq-6 | 364 | 27618 |
| 39 | Birinshi-A | 357 | 27965 |
| 40 | Jaqsı-6 | 354 | 28319 |
| 41 | Ja’ne-III | 346 | 28665 |
| 42 | Men-4 | 343 | 29118 |
| 43 | Basqa-4 | 334 | 29342 |
| 44 | Eki-A | 334 | 28767 |
| 45 | Jıl-3 | 331 | 31117 |
| 46 | Bolg’an-7 | 328 | 31335 |
| 47 | Sol-4 | 326 | 31661 |
| 48 | Kerek-5 | 324 | 31985 |

## 3.6. Baslawısh bilimlendiriwde oqıw so’zliklerdi paydalanıw ma’seleleri

Baslawısh klasslarda ana-tilin oqıtıwda oqıwshılarg'a durıs jazıwg'a u'yretiwde, awız-eki so'ylew, jan'a so'zlerdi o'zlestiriwde sonday-aq til ma'deniyatın orınlı paydalana biliw ko'nlikpelerin qa'liplestiriw-tiykarg'ı wazıypalardın' biri bolıp esaplanadı.

A'lbette bunday jag'dayda mug'allimnin' janında ku'ndelikli paydalanatug'ın informatsiyalıq mag'lıwmatlar beriwshi a'debiyatlardın' bolıwı tiyis. Atap aytqanda tu'sindirmeli so'zlik, qaraqalpaq tilinin' orfografiyalıq so'zligi ha'mtag'ıda baska usınday tu'rdegi a'debiyatlardın' bolıwı za'ru'r.

Ana tilinde oqıtıwda so'zlerdi durıs ha'm qa'tesiz jazıwg'a u'yretiwshi so'zlik bul orfografiyalıq so'zlik bolıp tabıladı. Ha'zirgi waqıtta qaraqalpaq tilinin' rus grafikasınan latın grafikasına o'tiw protsessinde – bul so'zliklerdin' a'hmiyeti u'lken bolıp atır.

Degen menen orfografiyalıq so'zliklerdi ele eski metodlar arqalı a'melge asırılmaqta. Bul metodlar qaraqalpaq tilindegi ha'mme so'zlerdi o'z ishine qamtıy almaytug'ınlıg'ı belgili qubılıs ekenligide ma'lim bolmaqta.

Sebebi so'zliklerdi qa'nshelli muqıyatlanıp du'zilmesin ba'ribir ha'mme so'zlerdi o'z ishine qamtıy almaytug'ınlıg'ın alıp barılgan ta'jriyberler ko'rsetti.

Baqlawlarg'a qarag'anda orfografiyalıq so'zliklerden qarag'anda izlenip atırg'an so'zlerdin' 30% ke jaqını tabılmaytug'ınlıg'ı ma'lim bolıp otır.

Ha'zirgi waqıtta orfografiyalıq so'zliklerdi alfavitli-jiyilik so'zliklerdin' ja'rdeminde tolıqtırıw mu'mkinshilikleri tuwılıp otır. Sonlıqtanda qaraqalpaq tilinin' tu'rli tarawları boyınsha tekstlerinin' alfavitli jiyilik so'zligin du'zip shıg'ıw ha'zirgi leksikografiyada orınalg'an aktual ma'selelerinin' biri bolıp qalmaqta.

Alfavitli jiyilik so'zliklerdi ana tildi oqıtıwda paydalanıw maqsetke muwapıq ekenligi turmısımızdın' o'zi ko'rsetti. O'ytkeni bul so'zlikler arqalı oqıwshılar qısqa mu'ddet ishinde grammatikanı o'zlestiriw mu'mkinshiliklerine iye boladı. Bunnan basqa ha'zirgi zaman qaraqalpaq tili sabaqları menen oqıw qollanbalarında grammatikanı teren' o'zlestiriw mu'mkinshiliklerinin' sheklengenligin baqlaymız.

Bunın’ tiykarg’ı sebebi sabaqlıqlardag’ı tekstler boyınsha morfologiyalıq tallaw jasalg’anda, a’piwayı mısallarg’a su’yenetug’ınlıg’ın an’laymız. Qalaberse so’z shaqapları mashqalası tekg’ana qaraqalpaq tilinde emes ba’lki tu’rkologiyada ele o’z sheshimin taba almaya tırg’an mashqalalardın’ biri bolıp esaplanadı. Sol sebepli bunday tu’rdegi qıyınshılıqlardan qutılıw ushın, qosımsha oqıw so’zliklerin paydalanıwımız za’ru’r. Bunday tu’rdegi metodikalıq qural sıpatında alfavitli – jiyilikli so’zliklerdi mısal etip ko’rsetiw mu’mkin.

Tekstlerdegi so’z yamasa so’z formalardı tolıg’ı menen alfavit ta’rtibi menen beriliwi ha’m olardın’qollanılıw jiyilikleri ko’rsetilgen so’zliktin’ – alfavitli – jiyilikli so’zlik dep ataladı. (AJS)

AJS lerdi du’ziw ushın tekstlerdi kompyuterdin’ yadına kirgiziw kerek. Biraq tatekstlerdi kompyuterge kirgizbesten redaktorlaw za’ru’rligi tuwıladı. Onın’ ushın arnawlı belgiler arqalı ha’r bir so’z forma so’z shaqaplarına ajratılıwı tiyis.

Antroponim – 2

Kelbetlik – 6

Atlıq – 3

Feyil – 7

Almasıq – 4

Kelbetlik-feyil – 8

Modalso’z -5

Sanlıq –a

Eliklewish – l

Ra’wish – yu

Tan’laq – o

Ko’mekshiso’z –sh

Sebebi kompyuter tekstlerdegi omonim so’zlerdi ajırata almaydı.Ma’selen qara – so’zi kelbetlik yamasa feyil, qal – atlıq yamasa feyil ha’m t.b. Omonim so’zlerdi kompyuter tekg’ana joqarıdag’ı ko’rsetilgen arnawlı kodlar ja’rdemindeg’ana

ajırata aladı. Bul orında adam menen kompyuter intellektleri arasında o’zgeshelikti ko’remiz.

## 3.7. Kvantitativlik – lingvistikalıq birlikler

Baslawısh bilimlendiriw sabaqlıqlarının’ tekstlerin kvantitativlik – tipologiyasın izertlew ha’m onın’ ko’rinisin keltirip shıg’arıw - ha’zirgi ku’nde orınalg’an aktual mashqalalardın’ biri bolıp qalmaqta. Bunın’ tiykarg’ı sebebi izertlenip atırg’an obektlerdi adamnın’ seziw organları arqalı tikkeley anıqlanıp bolmaytug’ın qubılıslardı tabıw arqalı tekstlerge jan’a o’zgerislerdi kiritiw ha’m olardı mudamı jetilistirip barıw za’ru’rlikleri menen baylanıslı bolıp otır. Qalaberse baslawısh bilimlendiriw sabaqlıqlarının’ tekstlerin sistema – norma–uzus ta’rizindegi basqıshlarda izertlew arqalı oqıwshılarg’a saybolg’an jan’a tekstlerdi jaratıw – ku’n ta’rtibinde o’z sheshimin ku’tip turg’anlıg’ın atap o’tiwimiz orınlı. Sonın’ ushın baslawısh bilimlendiriw sabaqlıqlarının’ informatsiyalıq – bazasın du’ziw ha’m onı mudamı jan’alatırıp ha’m ken’eytip barıw arqalı olardın’ kvantitativlik – tipologiyasın du’ziw – baslawısh bilimlendiriw turmısında orınalg’an aktual ma’selelerinin’ qatarında orınalg’anlıg’ın atıp o’tiwimiz orınlı.

«So’z», «so’zforma» ha’m «so’z qollanılıs» kvantitativlik lingvistikada qollanılatug’ın tiykarg’ı birlikler bolıp esaplanadı. Bunday tu’rdegi leksikalıq birlikler lingvostatistikanın’ tiykarg’ı izertlew obekti xızmetin atqaradı. Qalaberse «So’z», «so’zforma» ha’m «so’z qollanılıs» lar o’z-arabaylanıslı tu’rde tekstlerdin’a’lwan tu’rli nızamlıqların anıqlanıw mu’mkinshiliklerine iye boladı.

Jiyilik so’zlikler so’z qollanıslar, so’z forma ha’m jazıwshı – shayırlar tilinin’ so’z so’zler arqalı jazıwshı shayırlar tilinin’ paydalanıw sheberlilik da’rejelerinin’ anıqlaw mu’mkinshiliklerine iye boladı. Ha’zirgi ku’nde bir qatar jazıwshı shayırlardın’ arnawlı jiyilik so’zlikleri du’zilip, olardın’ til baylıqlarının’ paydalanıw o’zgeshelikleri anıqlang’an.

## 3.8. So’z ha’m so’z formalardın’ ortasha qaytalanıw jiyilikleri

Tekstlerdi kvantitativ tipologiyalıq izertlewlerde ha’r bir so’z ha’m so’z formalardın’ ortasha qaytalanıw jiyiligin anıqlaw a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri bolıp tabıladı.

Egerde izertlenip atırg’an tekstlerdin’ so’z qollanıslarının’ ulıwma ko’lmine so’z yamasa so’z formalarının’ sanı bo’linse, onday jag’dayda payda bolg’an mug’dar ha’r bir so’z yamasa so’z formalarının’ teksttegi ortasha qaytalanıw jiyiliklerin anıqlaydı. Onı to’mendegi a’piwayı formula arqalı beriw mu’mkin.

$$F=\frac{N}{L}$$

Bul jerdegi N – tekst tegi ulıwma so’z yamasa so’z formalarının’ qollanıw ko’lemi, L- so’z yamasa so’z formalarının’ sanı, F– so’z yamasa so’z formalarının’ ortasha qaytalanıw jiyiligi.

Egerde izertlenip atırg’an tekstlerde F tin’ mug’darı qa’nshellik da’rejede joqarı bolsa, onda ha’r qıylı so’z formalarının’ mug’darı sonshelli az boladı.

F ko’rsetkishti kvantitativlik tipologiyada paydalanıw ushın to’mendegi sha’rtler orınlanıwı tiyis:

- Birinshiden, tu’rli janrlar yamasa tiller arasındag’ı salıstırıwlardı o’tkergende, saylanbalar ko’leminin’ bir qıylı yamasa olardın’ mug’darlıq ko’rsetkishlerinin’ jaqın bolıwlarına itibar beriliwleri kerek. Bizlerdin’ jaydayımızda saylanbalardın’ ko’lemidegenimizde teksttin’–N ko’lemineaytamız.
- Ekinshiden, tiller arasındag’ı salıstırıwlar ju’rgizilgende, olardın’ janrlıq – stilistikalıq bir qıylılıqlarına itibar beriw kerek:

Joqarıdag’ı eki qag’ıydanı esapqa ala otırıp tipologiyalıq kriteriyalardı eki bag’darda alıp barıw mu’mkinshilikler ju’zege keledi. Atap aytqanda

- Birinshiden, ra’n’be-ren’ tillerdi F ja’rdeminde salıstırıw:

- Ekinshiden, a’debiyt ekstlerdin’ janrlar boyınsha salıstırıwi arqalı a’melge asırılıwı:

- U’shinshiden, F ko’rsetkishinin’ o’zgeriwin tekstlerdin’ saylanba ko’lemi arqalı analizlew.

## JUWMAQLAW

G’a’rezsizlik jıllarının’ da’slepki ku’ninen baslap – aq, baslawısh bilimlendiriw turmısında jan’alanıwlar menen o’zgerisler ju’zege kele basladı. Atapaytqandabilimlendiriwhaqqındag’ınızamlar, aldın’g’ıqatardag’ızamanago’ypedagogikalıqtexnologiyalar, jan’aa’wladsabaqlarıbaslawıshbilimlendiriwturmısınakiripkeldi.Bulorındag’a’rezsizlikda’wirindegibaslawıshklasslardıg’ıbilimlendiriwsistemasının’rawajlanıwımenenbilimlendiriwdin’sapasıartabasladı. A’sirese, bilimlendiriwsistemasınareformalardın’engiziliwi, onın’rawajlanıwına, jetilsiwinealıpkeldi. Elimizdin’g’a’rezsizlikkeerisiwimenenbilimlendiriwsistemasınaayrıqshaitibarberilip, «Bilimlendiriw» haqqındag’ıNızamha’mKadrlartayarlawmilliybag’darlmasıqabıletildi.Bilimlendiriwtarawıma’mleketsıyasatıda’rejesindeqolg’aalındıha’mjaslarg’abilimalıwınabolg’anbarlıqqolaylıqlartuwdırıldı. Jaslarımızdın’du’nyaju’zlikstandartlarboyınshata’limalıwındaha’rbirpa’nboyınsha ma’mleketlikbilimlendiriwstandartlarıqabıletildi.

Sonın’ishindebaslawıshta’limboyınshadama’mleketlikbilimlendiriwstandartları qabıletildi. Ol1999jıldanbaslapbilimlendiriwsistemasınaengizildi. Kadrlartayarlawmilliybag’darlmasının’qabıletiliwimenenaldın’g’ıpedagogikalıqtexnologiyalardısabaqprotsessineengiziwislerialıpbarıldı.

Baslawıshbilimlendiriwturmısındata’lim-ta’rbiyajumıslarıpu’tkilleyo’zgerdi.Bundayo’zgerislerdin’na’tiyjelerinin’ba’rshesiunamlıta’repkeqaraybag’daraldı.A’sirese jaso’spirimlerdin’psixologiyasındaerkinpik

irlewko’nlikpelerijaratıldı.Atapaytqandaoqıwshılara’piwayıtın’lawshıemesba’lkisa baqtısho’lkemlestiriwgeqatnasıwshısıpatındag’ıra’n’-ba’ren’ko’rinislerdiqa’liplestiriwgeerisildi. Usıg’anbaylanıslıbaslawıshbilimlendiriwde «Aqlıyhu’jim» metodikalarıendirilebasladı. Qalaberseintegratsiya, bilimlendiriwdemodullita’lim, testlerdiendiriwma’seleleridena’zerdenshetteqaldırılmadı. Qalabersebaslawıshbilimlendiriwdeda’stu’riysabaqlardın’o’tkeriwmazmunlarınaan ıqlıqlarmenendu’zetiwlerkiritilip, olarmudamıjetilistirilipbarıldı.

Bilimlendiriwturmısındag’ıen’irijetiskenliklerinin’birizamanago’yma’mleketlik bilimlendiriwstandartlarıjaratıldı.Bultiykardabaslawıshbilimlendiriwdegiba’rshepa’nlerboyınshajan’aa’wladsabaqlarıdu’zilip, oqıwshılarja’ma’a’tinin’qollarınajetkerildi.

Zamanago’ybilimlendiriwsistemasındamug’allimha’moqıwshılarja’ma’a’tiarasındag’ıdo’retiwshilikortalıktıjetilistiriwmu’na’sebetlerineu’lkendıqqatqaratıldı. Atapaytqandaburınlarımug’allimnin’aytatug’ınpikirleri; «Menin’aytqanımaytqan, menbilegenna’rsenibilsen’debilesen’bilmesen’debilesen’»degenprintsiplerdenpu’tkilleyqatnastıu’zip, oqıwshılarja’ma’a’timenenzamango’ymuna’sebetlerornatıldı. Atapaytqandaha’zirgizamanpedagogikalıqtexnologiyalardag’ıorınalg’anoqıwshılarja’ma’a’timenendoslıqmu’na’sebetleria’melgeasırılıwlarıarqalıerkinpikirlewko’nlikpelerinqa’liplestirdi.Solsebeplig’a’rezsizlikjıllarındabaslawıshbilimlendiriwturmısındajan’alanıwlarmeneno’zgerislerdin’ju’zegekeliwlerina’tiyjesindeQaraqalpaqstandabaslawıshbilimlendiriwsistemasındao’zineta’nbolg’anrawajlanıwjolınbasıpo’tti.

Prezidentimizta’repinenilimiynegizlepberilgenta’lim-ta’rbiyamodelina’meliyatqaengiziwoqıwprotsessintexnologiyalastırıwmenenbaylanıslı. Solsebepli «Kadrlartayarlawmilliybag’darlamasında «Oqıw – ta’rbiyalıqprotsesstialdın’g’ıpedagogikalıqtexnologiyalarmenenta’miyinlew» onın’ekinshiha’mu’shinshibasqıshlarındaorınlanatug’ına’hmiyetliwazıypalardanbiribolıpbelgilendi.

# PAYDALANG’ANA’DEBİYaTLAR

1. Karimovİ.A. «Barkamolavlod – O’zbekistontaraqqiyotiningpoydevori» - Toshkent, «Sharq», 1997 y

2. Karimovİ. A. «O’zbekistonXXI asrgaintilmoqda» - Toshkent «O’zbekiston» , 1999 y.

3. Karimovİ.A. «Barkamolavlodorzusi» - Toshkent, «Sharq» 1999 y.

4. O’zbekistonRespublikasiKonstitutsiyasi. Toshkent, 1992 y.

5. Qoraqalpog’istonRespublikasiKonstitutsiyasi. Nukus, 1993 y.

6. Milliyistiqlolg’oyasi: asosiytushunchalarvatamoyillar. – Toshkent, 2000 y.

7. Boshlang’ichtalimdavlatdasturlarivakontseptsiyasi.

8. Boshlang’ichtalimdavlatstandartlari.

9. AbdullaevaB.S. vaboshqalar, Matematika. 1-sinfo’quvchilariuchunmetodikqo’llanma. – Toshkent, 2014

10. AbdullaevaB.Svaboshqalar 2 – sinfo’quvchilariuchunmetodikqo’llanma. – Toshkent, 2015

11. AyımbetovM.K. Milliyda’stu’rdin’strategiyalıqbag’darlarıhaqqındag’ıbazıbirma’seleler. No’kis: «Bilim» 2013, 26 b.

12. AtutovT.R. «Texnologiyaisovremennoeobrazovanie» - Pedagogika, 1996 g., № 2.

13. BezpalkoV.P. «Slagaemiepedagogicheskoytexnologii» - M., pedagogika, 1989 g.

14. BezpalkoV.P. «Pedagogikaiprogressivnietexnologiiobusheniya» - M., 1995 g.

15. GuzeevV. «Otmetodik-kobrazovatelnoytexnologii» - Narodnoeobrazovanie, 1988 g.

16. Zokirovİ, Mannonovaİ, Boshlang'ichtalimdao'quvishlaribo'yichadirektoro'rinbosarifaoliyati. Toshkent: 2016, 75 b.

17. Zokirovİ. Mannonovaİ. Shaxsgayo'naltirilganmetodikxizmat. Toshkent – 2015, 101b. 1-qism

18. Zokirovİ. Mannonovaİ. Shaxsgayo'naltirilganmetodikxizmat. Toshkent – 2015, 106 b. 2-qism

19. JiyemuratovT. Ta'rbiyanın'ulıwmametodları. No'kis: «Qaraqalpaqstan» , 2010

20. JumaevM.E, AxmedovaN.T., AbdullaevaB.S., AslonovaN.U. Boshlang'ichsinflaruchunmatematikadandidaktikmateriallar, Toshkent; 2016, 80 b.

21. ZiëmuhammedovB., AbdullaevSh. «İlg'orpedagogiktexnologiya: Nazariyavaamaliët» -Toshkent, 2001 y.

22. Yo'ldashevJ.G. «Pedagogikinnovatsiyalarnihaëtgatatbiqetishiningtashkiliyasoslari» - «Xalqtalimi» jurnali, 6-son, 1999 y.

23. Yo'ldashevJ.G. «Yangipedagogiktexnologiya: yo'nalishlari, muammolari, eshimlari» - «Xalqtalimi» jurnali, 4-son, 1999 y.

24. MallaOchilov «Yangipedagogiktexnologiyalar» - Qarshi, «Nafas», 2000 y

25. KarimovR.X. «Talimdapedagogiktexnologiyalar» - Guliston, 1999 y.

26. KlarinM.V. «Pedagogicheskayatexnologiyavuchebnomprotsesse»- M., Znanie, 1989 g.

27. Kan – KalikV.A., NikandrovN.D. «Pedagogicheskoetvorchestvo» - M., 1990 g.

28. LixashevV.T. «Pedagogika: Kurslektsii» - M., 1993 g.

29. NazarovaT.S. «Pedagogicheskoetexnologii: novıyetapevolyutsii» - Pedagogika, 1997 g. №

30. NishonalievU. TolipovU. «İkkishaxsfaoliyatiuyg'unlashgandaginatalimtarbiyadankuzlanganmaqsadgaerishiladi» - Marifatgazetasi, 2000 y., 19 aprel

31. Og'aevS. «Yangipedagogiktexnologiyahaëtiyehtiëj» - «Xalqtalim», 2001 y., 3- son, 69-71 bet.

32. Pedagogicheskayatexnologiya: Programmauchebnogokursa (podred. Slatsenina) – M., 1996 g.

33. PidkastsiyP.İ., XaydarovJ.S. «Texnologiyaigrivobusheniiirazvitii» - M., 1996 g.

34. PityukovV.Yu. «Osnovıpedagogicheskoytexnologii: Programmaeksperimentalnogouchebnogokursa» - N.Novgorod, 1992 g.

35. PityukovV.Yu. «Chtotakoepedgogicheskayatexnologiya, Vospitanieshkolnikov» - M., 1995 g., № 1 str. 8-10

36. SaidaxmedovN.S. Maqolalar – Marifatgazetasi.

37. Safarovavaboshqalar. WzbekistonRespublikasiumumiyo'rtatalimstrategiyasimuammolarivatalimmazmuniningyangimodellari, ularnitatbiqetishyo'llari. Toshkent: FAN, 2005 yil, 255 b.

38. SelevkoG.K. «Sovremennieobrazovatelnietexnologii» - M., pedagogika, 1990 g.

39. TurdievN. UmumiywrtatalimuzviylashtirilganDavlattalimdasturlarinijoriyetishsifatiningmonitaringiniwtkazishbwyichametodikqwllanma. T.: 2011.

40. Tursunovİ. «Yangipedagogiktexnologiyavauningistiqboli» - «xalqswzi», 1990 y., 25-sentyabr

41. UsmanovaK. O'zbekistonRespublikasiXalqtalimivazirligi, Respublikatalimmarkazi,

Shaxsgayo’naltirilganmetodikxizmatnitashkiletishdaMaxoratmaktablariningo’rni. Toshkent: 2015, 58 b.

42. FarbermanB.L. «İlg’orpedagogiktexnologiyalar» - Toshkent, «FAN». 2000 y.

43. XasanovaG. «Boshlang’ichsinflardadarslarnipedgogiktexnologiyaasosidatashkiletish» - «Pedagogiktalim», 2001 y., 3-son.

44. KurbonovR. «Talimdantalimningfarqibor» - «İshonch», 2001 y., 30-may.

45. QodirovaF. «Pedagogkadrlargayangipedagogiktexnologiyahaqidametodika», «Tilvaadabiyottalimi», 2001 y., 4-son, 9-11 bet.

46. ShukurovX., KarimovR. vaboshqalar. «Yangipedagogiktexnologiyalaro’quvtarbiyajarayoniga» - Guliston, 1997 y.

47. Boshlang’ichsinflardarsliklari.

48. QosnazarovQ., AbdijapparovaJ. «Modullisabaqtexnologiyasi», «Mug’allimha’mu’zliksizbilimlendiriw» jurnalı, No’kis, 2006 j., 3-san

49. QosnazarovQ. «Oqıwshılardın’biliminbahalawdın’reytingsisteması». «Ustazjolı» gazetası.

50. QosnazarovQ. «Jan’apedagogikalıqtexnologiyalardansabaqbarısındapaydalanıw». «Ustazjolı» gazetası. 1999-2005 jj.